

## DAFTAR PUSTAKA

- Damono, Sapardi Djoko. 2018. *Alih Wahana*. Jakarta : Gamedia.
- Shasangka, Damar. 2016. *Rara Anggraeni*. Yogyakarta: Narasi.
- Saputra, Karsono H. 2017. *Panji Angreni*. Jakarta: Bukupop.
- A, Teeuw. 2013. *Sastra dan Ilmu Sastra*. Bandung: Dunia Pustaka Jaya.
- Kieven, Lydia.2018. *Menulusuri Panji & Sekartaji*. Yogyakarta: Ombak.
- Eneste, Pamusuk. 1991. *Novel dan Film*. Flores: Penerbit Nusa Indah.
- Lexy J, Moelong. 2009. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosda Karya.
- Wahyu, Tri. 2013. *Sastra Lama* (<http://blueeverlastingfriend.blogspot.com/2013/10/sastra-lama.html>) di unduh pada tanggal 20 September 2018 pukul 18.00.
- Azizah, Erna (2015). *Tembang-tembang Macapat Jawa*. (<http://www.ernaazizah.com/2015/07/tembang-macapat-jawa.html>) di unduh pada tanggal 21 September 2018 pukul 18.00.
- Anonim. 2009. *Unsur-unsur Novel* (<https://elmubahasa.wordpress.com/2009/12/06/unsur-unsur-novel/>) di unduh pada tanggal 25 September 2018 pukul 20.00.

Anonim, 2019. *Unsur Unsur Novel* (<http://digilib.uinsby.ac.id/10874/5/bab%202.pdf>) di unduh pada tanggal 4 januari 2019 pukul 19.00.

<http://serampaikata.blogspot.com/2014/01/tipografi-pada-puisi.html> di unduh pada tanggal 20 Desember 2018 pukul 18.00.

[http://web-suplemen.ut.ac.id/mapu5103/materi4\\_4.htm](http://web-suplemen.ut.ac.id/mapu5103/materi4_4.htm) di unduh pada tanggal 7 Januari 2019 pukul 18.00.

<https://www.sastra.org/> di unduh pada tanggal 9 Januari 2019 pukul 15.00.



FAKULTAS KEGURUAN DAN ILMU PENDIDIKAN  
**UNIVERSITAS PGRI ADI BUANA SURABAYA**

Kampus I: Jl. Ngagel Dadi III-6037 Telp. (031) 5053127, 5041097 Fax. (031) 5063004 Surabaya 60134  
Kampus II: Jl. Duhah Maranggol XII Telp. (031) 8261181, 8381682, 8281182 Surabaya 60254  
<http://bag.ugribu.ac.id>

**FORMAT REVISI SKRIPSI**

Nama Mahasiswa : Septiani Miftahul Zannah  
NIM : 155200023  
Program Studi : Pendidikan Bahasa Indonesia  
Tanggal Ujian Skripsi : 7 Februari 2019  
Judul Skripsi : Transformasi Cerita Rara Anggraeni dari  
Tembang ke Novel  
Penguji I : Tri Indrayanti, S.Pd., M.Pd.  
Penguji II : Dr. Sunu Catur Budiyo, M.Hum.

No	Materi Revisi	Penguji I	Penguji II
1	Cek penulisan secara umum (spasi, rata kanan-kiri, dll)	d.	g.
2	Perbaikan kutipan dalam paragraf	d.	g.
3	Teknik pengumpulan data diperbaiki dan analisis	d.	g.
4	Penulisan Dp dari internet	d.	g.
5	Data penelitian diberi nama & nomor	k. d.	g.
6	Penulisan	d.	g.

Batas waktu revisi skripsi: 2 (dua) minggu terhitung dari waktu ujian skripsi.

Dosen Penguji I,

Tri Indrayanti, S.Pd., M.Pd.  
NIDN. 0718038401

Dosen Penguji II,

Dr. Sunu Catur Budiyo, M.Hum.  
NIDN. 0703016504



FAKULTAS KEGURUAN DAN ILMU PENDIDIKAN  
UNIVERSITAS PGRI ADI BUANA SURABAYA

Kampus 1: Jl. Ngagel Dadi 31-6337 Telp. (031) 5935127, 5041997 Fax. (031) 5902804 Surabaya 60234  
Kampus 2: Jl. Daboh Meronggal 701 Telp. (031) 8282381, 8281182, 8281185 Surabaya 60234  
<http://www.unpgradi.ac.id>

**BERITA ACARA BIMBINGAN SKRIPSI**

Nama Mahasiswa : Septiani Miftahul Zannah  
NIM : 155200023  
Program Studi : Pendidikan Bahasa Indonesia  
Judul Skripsi : Transformasi Cerita Rara Anggraeni dari  
Tembang ke Novel


No	Tanggal	Materi Bimbingan	Pembimbing
1	02-08-2018	Pengajuan Judul (acc)	f.f.
2	24-08-2018	Bab I (revisi)	f.f.
3	27-08-2018	Bab I (acc) Bab II dan Bab III (revisi)	f.f.
4	29-08-2018	Bab II dan Bab III (revisi)	f.f.
5	01-09-2018	Seminar Proposal	f.f.
6	10-09-2018	Bab II dan Bab III (acc)	f.f.
7	26-10-2018	Bab IV (revisi)	f.f.
8	05-11-2018	Bab IV (revisi)	f.f.
9	04-12-2018	Bab IV (revisi)	f.f.
10	10-12-2018	Bab IV (revisi)	f.f.
11	26-12-2018	Bab IV (acc)	f.f.
12	07-01-2019	Bab V (revisi)	f.f.
13	14-01-2019	Bab V (acc)	f.f.
14	25-01-2019	Keseluruhan skripsi (acc)	f.f.

Selesai bimbingan skripsi tanggal 25 januari 2019

Mengetahui  
Dekan FKIP,

  
Dr. Sulhan S.H., M.Si.  
NIP. 196801031992031003

Dosen Pembimbing,

  
Dr. Sunu Catur Budiyo, M.Hum.  
NIDN. 0703016504

## Sinopsis Novel Rara Anggraeni

### Asmaradahana Panjalu Janggala.

Semenjak ditaklukkannya Janggala oleh pasukan Daha dibawah kepemimpinan Syri Naranatha Prabhu Jayabhaya pada Saka Warsa 1057, pembersihan besar-besaran pun terjadi. Seluruh anak keturunan dari Mapanji Garasakan yang selama ini menguasai Janggala disingkirkan sepenuh-penuhnya. Daha berkuasa atas tanah Jawa. Bahkan kekuasaannya melebar hingga mencapai Jambi dan Sêlat Hujung Mêdini. Pada masa itu teriakan ‘Panjalu Jayanti’ berkumandang gegap gempita. Namun, kemenangan tersebut bukanlah jaminan bagi Daha menjadi aman. Pertikaian berdarah-darah masih saja terus terjadi. Bahkan menantu Syri Naranatha Prabhu Jayabhaya, Mapanji Astradharna tewas karenanya.

Karena ketidaknyamanan yang menghinggapi bathin Dyah Ayu Pramesthi, setelah kematian suaminya, Mapanji Astradharna, maka hak atas tanta Daha yang seharusnya jatuh kepadanya ditinggalkan. Dirinya memilih untuk mengasingkan diri ke puncak Gunung Kapucangan, mendirikan pashraman dan menjadi seorang pertapa wanita dengan mengambil gelar Ajar Dewi Kili Suci Anom. Tahta Daha lantas dilimpahkan kepada adik kandungnya, Mapanji Aryesywara atau Mapanji Lêmbu Amêrdadu. Kelak jika Mapanji Lêmbu Amêrdadu telah lengser dari tahta, maka yang berhak menggantikannya adalah putri sulungnya, Dyah Ayu Sasi Kirana. Kini Mapanji Aryesywara diangkat sebagai Sang Rake Hino Daha, putra mahkota yang kelak akan menggantikan Syri Naranatha Prabhu Jayabhaya ketika lengser keprabhon.

Wilayah Janggala sendiri dipasrahkan kepada Prabhu Sarweswara atau Prabhu Lêmbu Amiluhur, putra ke tiga Syri Naranatha Prabhu Jayabhaya. Diam-diam penguasa baru Janggala ini

mengingini tahta Daha kelak diduduki oleh putra sulungnya, Rahadyan Kuda Rawisrêngga. Dikirimkannya utusan yang dipimpin oleh Rakryan Kanuruhan Kudanawarsa untuk mengajukan pinangan terhadap Dyah Ayu Sasi Kirana ke Daha. Pinangan diterima dengan baik. Namun ketika balik dari Daha, Rahadyan Kuda Rawisrêngga terpikat kecantikan Rara Anggraeni, putri dari Rakryan Kanuruhan Kudanawarsa. Masalah muncul ketika Rakryan Kanuruhan Kudanawarsa tidak mengingini putrinya hanya sekedar dijadikan sêlir belaka. Putrinya harus dijadikan seorang paramesyware.

Keruwetan bertambah-tambah ketika Rakryan Kanuruhan Kudanawarsa menggulirkan rencana untuk membatalkan perjodohan antara Rahadyan Kuda Rawisrêngga dengan Dyah Ayu Sasi Kirana. Tahta Daha tetap harus bisa diduduki oleh Rahadyan Kuda Rawisrêngga dengan Rara Anggraeni sebagai paramesyware. Dan tahta Daha harus direbut dengan jalan peperangan! Muslihat dan tipu daya pun ditebarkan. Keadaan semakin memanas ketika pasukan Janggala lama yang dulu tersingkir dari Kadhaton Janggala, diam-diam ikut mendukung rencana Rakryan Kanuruhan Kudanawarsa! Novel berdasarkan kisah-kisah Panji ini menjadi lebih hidup dan menggairahkan dalam garapan tangan dingin Damar Shashangka.

## [Panji Asmarabangun]

### 1. Mègatrüh

pa panji | mung mèmper ngraka sang anom ||

ujwalanya ingkang kathah kantunipun | Radèn Wasi Jayèngrêsmi |  
mèh nyandhak suwarnanipun | kirang kêncêng [...] jwala di | kèndho  
kêng manis lir wadon ||

ingkang tansah ngladosi si narpasunu | dènira busana adi | Rêtna  
Jinali Sang Ayu | Dyan Jayèngrêsmi tan têbih | kang dèrèng pantês  
winaon ||

busananya Radèn Panji Marabangun | Radian Narawôngsa Wasi |  
miwah Onêngan Sang Ayu | pan sampun busana sami | de badhe  
patah sang karo ||

jawi ramya wurahan sagunging wadu | badhe andhèrèk sang pêkik |  
sami abusana murub | kang minta-minta ing kardi | Dyan Jayèngrana  
ing wiyos ||

### 2. Mijil

1. kawarnaa wus sumêkta sami | sagunge ingkang wong | anjajari  
mangampil barange | jalu èstri wus samya miranti | wahana rinakit |  
jêmpana gêng luhur ||

2. kamot sêlawe ingkang nitihi | pinarada abyor | pagêr gèdhah  
ngarsa wêranane | pinindha pêksi garudha srênggi | netra kumala di |  
payon sangklat wungu ||

3. pinalisir ing maliyo wilis | sinungkèt kêng wiron | ginubahan  
cindhe puspitane | ingkang ngrêmbat satus wus rinakit | sêksana gya  
mijil | Radèn Marabangun ||

4. lan Dyan Wasi nulya sami nitih | myang ragil sang sinom | ing  
jêmpana nêm cèthi kang dhèrèk | panganggya bra sami ngampil-  
ampil | pawohan tènapi | pamojokan kêbut ||

5. miwah saput upacara sri | ingampil pra sinom | sami dharat  
ngarsèng jêmpanane |

kang ngampingi wahana ban cèthi | songsongnya Dyan Panji | gilap  
sungsun têlu ||

6. tandya budhal sawadyakoswa sri | gumrah swaraning wong |  
gumalêgêr maryêm pratandhane | mangkat ngarak ping tiga gora tri |  
têngara barungi | kang mêrdôngga umyung ||

7. pangarsèng lampah wong magêrsari | lan kapêdhak awor | nulya  
para kadeyan lampahe | munggèng kuda asri dèn songsongi | upacara  
mrapit | jêjêl gunging wadu ||

8. saperang-perang rêntêp airir | wuri barising wong | jayèngastra  
nèng kuda lampahe | sikêp pèdhang lan panuwak karbin | sêpalih  
nèng wuri | sikêp tawok ganjur ||

9. wurinirèng jayèngastra ngarsi | trunaasmara wong | baris rampak  
mawarna astrane | waos tinggar lyan sikêp jêmparing | kêng anganan  
ngering | gulang-gulang agul ||

10. ngalih wêlas sikêp pèdhang tamsir | kang upacara wor | ngarsèng  
joli atata lampahe | ponakawan ngarsanira malih | panjidhur tan têbih  
| wau Lurah Cêkruk ||

11. lan Prasônta sami nunggang ilir | acucud sang karo | ingkang  
garbêg wuri jêmpanane | sangajênging Jayèngastra baris | ampilan  
astra sri | waos kantar busur ||



12. tamèng pèdhang myang nênggala piling | agêmnya sang anom | kang andhungan kuda nèng ngarsane | kya dhalang antêban rinêngga sri | kang swandana èsthi | palananya murub ||

13. kyai jaka maruta kêng nami | wuri pisan kang wong | pamajêgan atata lampahe | samarga-marga kang mêrdoga tri | tambur slomprèt suling | ramya kêng panjidhur ||

14. wong nêningal èbêk urut margi | jalwèstri sêpuh nom | kathah ingkang tan antuk ênggène | ngantya lunjak-lunjak anèngwuri | lyan mènèk waringin | tan wênèh cinatur ||

15. namung patah priya [...]2] putri | anglela katonton | anèng ngarsa jêmpana èmpêre | ing wu [...] kêng garudha rukmi | jam gangsal kang wanci | baskara anglayung ||

16. soroting [...]3] sumilak kuning | dwi patah mêncarong | dhasar bagus Dyan Wasi warnane | samya lênglêng kang sami ningali | kang dèrèng mangêrti | patah kalih wau ||

17. ingran pêngantèn dening Dyan Panji | nèng lêbêt tan katon | ya ta prapta paglaran lampahe | pra kadeyan wus tumrun sing wajik | panggih lan apatih | lèn kêng pra wara nung ||

18. Radèn Nila Prabôngsa tênapi | atata gunging wong | kang jêmpana alaju lampahe | mijil mêngkang kandhêg sripanganti | sang pandhita putri | paregolan mêthuk ||

19. miwah Radèn Apanji Tohpati | anututi gupoh | ing jêmpana myang para arine | anampèni tédhaknya Dyan Panji | Sang Dyah Kilisuci | anyandhak kêng sunu ||

20. Dyan Pêngantèn Panji Wanèngpati | nèng madyaning regol | pan kinanthi lan Dyan Tohpatine | Radèn Sinompêrdhapa anganthi | Risang Dyah Jinali | Radèn Wukirsantun ||

21. nyandhak astaning Dyan Jayèngrêsmi | laju kinanthyalon | asta kering ingampil dangune | langkung sukèng tyas Dyan Wukirsari | mèsêm mawang liring | ing liyan kang andulu ||

22. parpat kalih mêksih nunggang ilir | nèng pura gaguyon | para èstri kang mulat sakèhe | pinaranan sinepak ing ilir | kang nyêngèl nèng ngarsi | susunya dinumuk ||

23. bubar-bubar sakathahing èstri | gumya para wadon | ingkang dadya sukaning manaha | Lurah [Lu...] [...rah] Cêkruk kang irung dèn abrit | sarta dèn karahi | ing sêlaka pingul ||

24. sri narendra nèng jrambahing puri | kang putra sang sinom | Sang Dyah Galuh tansah [...] ngarsane | miwah sang dyah ratu pramèswari | pra pingitan tuwin | marak glar ing ngayun ||

25. lêbêtira kang putra Dyan Panji | jumênêng sang katong | Sang Dyah Galuh kinanthi astane | mring kang ibu sang dyah pramèswari | mring tratag sang aji | Radèn Marabangun ||

26. kinèn laju pan taksih kinanthi | mring sang wiku sinom | akalian Dyan Brajanatane | Radèn Kuda Narawôngsa Wasi | myang Sang Dyah Jinali | ngampil kuncanipun ||

27. Radèn Sinompêrdapa sang pêkik | andhèrèk tan adoh | atanapi Dyan Wukirsarine | Dyan Mêlaya kang tansah kaèsthi | mung Rêtna Jinali | sasolah dinulu ||

28. Sri Jênggala sarêng aningali | mring wasi sang anom | langkung kumênjut rêseping tyase | sangking bagusira ingkang warni | mêmanising liring | mirib Sang Dyah Galuh ||

29. sanèsira mung priya lan èstri | èsthinya sang katong | nora duga dewa sêsmitane | Sêkartaji prapta salin warni | gêng anggagilani | dudu timbangipun ||

30. ana wangsit kinèn mangun panggih | patah srananing wong |  
priya ingkang asigit rupane | dumadakan olèh bocah iki | yèn dadia  
èstri | uga nini Galuh ||

31. iya ingkang bakal ruwat êndi | apêpatah kang wong | paran iya  
uga pêngantène | luwih elok gaibing dewa di | Radèn Jayèngrêsmi |  
wau sarêng dulu ||

32. dhatêng Sang Dyah Rêtna Sêkartaji | amèsêm ing batos |  
ciptaning tyas [...]ye | putri adi sêsotyia Kêdhiri | de ayu ngluwihi |  
bêdhawang [...]||

33. pan sêmbada ulate angolik | baya ngèndi kang wong | ga[...]  
nalimur kêng aèng | kaya ngapa ing tèmah Si Panji | sun arêp udani |  
[...]raning madu. ||

### **3. Dhandhanggula**

1. sri narendra angatag ing siwi | kinèn sami bêbalangan gantal |  
datan lênggana sang kinon | wusira Sang Dyah Galuh | gya kinanthi  
mring Radèn Panji | sang nata sampun lênggah | lan garwa dyah ratu |  
miwah sang pandhita lara | pra pingitan aglar kanan kering wuri |  
pêngantèn munggèng ngarsa ||

2. Radèn Brajanata datan têbih | Radèn Lêmpungkaras Wukirsêkar |  
Dyan Narawôngsa sêdene | myang Jinali Sang Ayu | ngungun-  
ngungun Dyan Wukirsari | mulat ing sang kusuma | kangbok Sang  
Dyah Galuh | mangkona ciptaning driya | salontara dhuh biyang  
sadulur mami | kangbok Candrakirana ||

3. dene kaya mêngkono kêng warni | kêna ngapa anandhang cintraka  
| warna dudu suwadine | kaya lègêr lèlaku | pinaesan rinênggèng  
rukmi | apa rêmên kakang mas | Panji Marabangun | sun duga yèn  
durung ruwat | kang cintraka tangèh tumêka ing rêsmi | katujune  
kakang mas ||

4. sugih klangênan pating salêmpit | sarta manggih kamrat patah priya | kaya mêngkono baguse | tinimbang ing jinêmrum | angêloni lègêr bisa ngling | tur kaya wewe manak | angur priyanipun | purplêsir dhi bawah tangan | dhalêm lelang libih baik main gundhik | nyang nècis tidhak kurang ||

5. para kadang ciptanya tan têbih | kadya Radèn Mêlayakusuma | ya ta wau jêng sang katong | mring pu[...] [pu...] [...] [...] rum | dhuh putrèngsun Ki Wanèngpati | lah iku garwanira | kêrongron dèn a[...] | [...] papa cintraka | dipun ngandêl marang juwata linuwih | kaki anarimoa ||

6. aja êsak purbaning dewa di | sira winayang ing palakrama | jinodho du[...]nge | èsêming lyan ywa wiguh | pan wis untungira Ki Panji | mokal papêsthèning Ywang | kêna owah bawur | yèn sira tuhu narima | kaya-kaya gêlis apurèng dewa di | ruwat Côndrakirana ||

7. matur nuwun Radèn Kêrtapati | Sang Dyah Galuh wrin sêbdaning nata | kêlangkung trustha ing tyase | masang ulat malêruk | mring Dyan Panji ajawil-jawil | ewa saguning mulat | ngling malih sang prabu | dhatêng Radèn Narawôngsa | hèn ta kulup Wasi Kuda Jayèngrêsmi | sun milu apêputra ||

8. marang sira aja taha kaki | duwe kadang kaki Rawisrêngga | dikaya nunggal renane | mringibunira kulup | garwaningsun bok pramèswari | ywa wiguh ngaku rena | dèn tuhu kumlungkung | yèn ana kuranganira | jêjaluka sang dyah ratu anambêti | sêbdanirèng narendra ||

9. ya mêngkono kulup Jayèngrêsmi | sira pisah lawan yayah rena | sri naranata gèntine | utawa jênêng ing sun | matur nuwun rahadèn wasi | tumungkul sarwi nêmbah | ngandika sang prabu | lah ta kulup Rawisrêngga | wis mundura garwamu ajakên mulih | marang ing kasatriyan ||

10. Brajanata putraningsun kaki | lah êmongên kulup adhinira | kang liningan awotsinom | Rahadèn Marabangun | lawan garwa wus sami

pamit | nêmbah manguswa pada | mangusapi lêbu | mring ramibu  
gêntya-gêntya | atanapiingkang para putra sami | ngabêktyèng yayah  
rena ||

11. sang rê[...] Kilisuci | badhe tumut dhatêng kasatriyan | myang  
sasêpuh [...]m | pingitannya sang prabu | pan sêdasa badhe lumiring |  
sêmana mu[...] | Radèn Marabangun | miyos sangking dhatulaya | pan  
kinanthi dhatêng sang dyah [...] putri | myang Radèn Brajanata ||

12. samya nganthi ajar lumaris | patah kalih datan kêna têbah |  
gumêrdêg kang para sinom | ing paregolan rawuh | lajêng nitih  
jêmpana sami | Rahadèn Brajanata | lan pra arinipun | myang Patih  
Kudanawarsa | sakancanya tata mêdal nitih wajak | srang-srangan  
gunging wadya ||

13. sampun budhal sangking sripanganti | kang pêngantèn wau  
sêkatinya | kèndêl asalin gêndhinge | ladrang pangantèn umyung |  
gôngsa Jawi samya nyarêngi | gadhog ngèrèk gumêrah | ramya kêng  
panjidhur | ing alun-alun wus prapta | gunging baris sami drèl tinggal  
swara tri | lir bêlah kang akasa ||

14. ting jalêgur kang maryêm barungi | kadi gêlap mungêl kaping  
songa | sagunging kang têngara ngrok | yayah gêrah kapitu | lampah  
tata makupu pipit | kadi duk angkatira | wêwah gunging laku |  
Rahadèn Nila Prabôngsa | sakadangnya myang Kudanawarsa Patih |  
dhèrèk dhatêng Kradenan ||

15. lampahirèng jêmpana aririh | wau Sang Rêtna Côndrakirana | tan  
tahan ngampah brangtane | dhatêng Dyan Marabangun | sang dyah  
ngrangkul sangking ing wuri | rajaputra tyas rêgag | tan tumimbang  
kayun | sang dyah rêtna mêsu ing byat | matak guna pêngasih  
sumbaga dhê[...] [dhê...] [...] [...] | [...] puruhita ||

16. dhatêng Mangundikrama ing nguni | kawimbuhan sêbda [...] |  
drubiksa gêng rêncana wor | nêmpuh monah tyas tênguh | goyang ripta

ka[...]ti | Dyan Panji Rawisrêngga | kabyatan driya kung | kongkal  
kèlu kalênglêngan | koluring tyas tumimbang karsaning rayi |  
cinandhak ingkang asta ||

17. sarwi gunturi srênggara manis | dhuh mas mirah kang asih mring  
garwa | gusti gon kawula ngèngèr | yangyanging jinêm-arum |  
ingkang sawang rêtna ingukir | lawas ingsun apisah | lan sira wong  
ayu | lir pêjah sajroning gêsang | mêngko timbul lir manggih rêtna  
sawukir | mirah kang sor supraba ||

18. suka ing tyas sang pandhita putri | aningali runtuting atmaja | wau  
Dyan Jayèngrêsmine | langkung bêtèring kalbu | sru sinamun  
mèsêm sang pêkik | ngliring sarwi ngandika | hèn ta Marabangun |  
iku luput wuwusira | ngungrum garwa kurang turut kang mêmanis |  
tirunên ingsun wulang ||

19. mirah ingsun panukmaning cicir | ingkang sawang wewe anak-  
anak | kaya lègêr asêsembong | lyan mindha gajah abuh | èsêm lêgi  
kêng bratawali | Sang Dyah Côndrakirana | sru runtik ing kalbu |  
myarsa wuwusira Radyan | Narawôngsa asêndhu dènira angling | iku  
patah mênnyunyang ||

20. wani-wani mêmayok mring mami | kadang-kadang wong gunung  
tan tata | jaban rangkah doh prentahe | suwawi kakang brangus |  
udhunêna pun Jayèngrêsmi | ywa tumut nèng jêmpana | sangêt datan  
urus | ngandika sang rajaputra | mirah ingsun dèn gêng apuramu yayi  
| mring Wasi Narawôngsa ||

21. dening prêlu karyane si yayi | lan maninge wus janji lan ingwang  
| sobat manjing sadulure | ing lair [...]tin] têtus | datan kêna nêja  
ngalani | kèndêl Sang Dyah Kirana | wrin sêbdaning kakung | [...]g  
ingkang jêmpana | duk sêmana kasatriyan sampun prapti | têdhak  
[...]lihira ||

22. sang dyah guru putri laju nganthi | mring atmaja risang ka[...] |  
pan sampun tata lênggahe | Jinali Sang Rêtnayu | cêlak kangbok  
Dyah Cê[...] ji | para dyah tata aglar | nganan ngering pênuh | wau

Radèn Narawôngsa | datan arsa nèng lèbêt kèdah amijil | tunggil lan  
pra kadeyan ||

23. Radèn Nila Prabôngsa tanapi | sakadangira wus lènggah tata |  
myang Dyan Wiranatarjane | lènggah kursi sèdarum | pêpak para  
niyaka wrèsni | dining kanang Jènggala | wus aglar supênuh | Dipati  
Kudanawarsa | munggèng têngah lawan Dyan Panji Tohpati | kanan  
banjêng pra kadang ||

24. cakêtira Radèn Wanagiri | ingkang rayi Dyan Sinompêrdapa | gya  
Radèn Jayèngrêsmine | nulya Dyan Wukirsantun | Dyan Natarja  
ingkang nambêti | malih ing kilènira | amenggok mangidul | wau  
Radèn Jayèngrana | saurutnya kang nèng sakiwaning patih | para  
pratiwasmara ||

#### **4. Asmaradana**

1. ambanjêng anèng ing kursi | tumênggung sura dèksana |  
pêngangênging niyakane | pêpak adining amônca | pasisir  
môncanagra | pamungkasirèng tumênggung | têngang lawan para putra  
||

2. pêndhapa pêpêt kang kursi | mêrdôngga ing ngarsa tata | pelog  
salendro ginantos | angrangin suwaranira | asri sindhèning kênya |  
sinêla musikan umyung | langkung sami sukèng nala ||

3. pakramanira Dyan Panji | pênuh ingkang kaurmatan [kaur...]  
[...matan] | ing latir pandamira byor | marêngi padhanging côntra |  
sêkala lir raina | [...]na kêng para nung | asri pêkakasing meja ||

4. kêng ladosan sarwa asri | [...]ka rênaning driya | pra putra myang  
pratiwane | dening Radèn Narawôngsa | sasolahe pêsaja | jêtmika  
manising têngbung | tansah akarya la-êla ||

5. ketang sêsmitèng dewa di | Kusuma Côndrakirana | ing têtah  
badhe ruwate | dene winangun ing krama | lan sarat patah priya |  
pêrcayanirèng para nung | mulat Wasi Narawôngsa ||

6. sangking baguse kang warni | sênêne ngêbêki jagat | ngayêmi praja  
têmahe | ngandêl kuwasaning dewa | nitahakên manungsa | ywa  
pêcak birat tan patut | ing warna jawata wegya ||

7. myang nitah manungsa sigit | kêng langkung sangking ngakathah |  
dewa tan kewran yêktine | kadya Radèn Narawôngsa | langkung elok  
kêng warna | liya Radèn Marabangun | dyan wasi luhur priyôngga ||

8. kaotira namung kêdhik | Dyan Panji Gagakpêrnala | amrajuriti  
baguse | Radèn Kuda Narawôngsa | manisira lir kênya | mila prasami  
kayungyun | mring Jayèngrêsmi Dyan Arya ||

9. ngênting egarira sami | tan pêgat inum-inuman | dyan wasi  
pinêlêng ngakêh | ganti-ganti saos kurmat | kêng surak wantya-  
wantya | binarung ingkang panjidhur | nêlas dênira kasukan ||

10. luwaran kêng bojana tri | nulya sami tata lênggah | ambanjêng  
anèng kursine | badhe kêlangênan bêksa | pasindhènira tata | wau  
Radèn Marabangun | kang nèng dalêm lawan garwa ||

11. sawusira dhahar sami | wau Dyah Côndrakirana | tan kênèng  
ngampah brangtane [brangta...] [...ne] | tansah jinawil kang raka |  
ngaturan minggah nendra | èmêng tyas sang [...] | dèrèng kolur  
galihira ||

12. pasah ing sumbaga dhêsthi | kandhê[...]an asta | dèrèng kagiwang  
jinêm-ron | narimèng cintrakanira | ngandêl karsèng [...]ra | Radèn  
Panji Marabangun | arsa miyos ing pêndhapa ||

13. ingkang kacipta ing galih | namung Radèn Narawôngsa | kaèsthi  
ing asmarane | kadya mring Côndrakirana | duk dèrèng kenging mala  
| cawêngah kang warni kakung | tansah mênggah nahên brôngta ||



14. nulya miyos sang apêkik | kang garwa tansah angampah | kêkah gendholi kuncane | nêbda sarwi sarengkodan | dhuperan sampun mêdal | suwawi sare rumuhun | najan arsa lalênggahan ||

15. mangko yèn wus sami guling | rajaputra pêngêl ing tyas | tansah angusap jajane | sang rêtna ingapus krama | manis dènnya ngandika | sarwi nglus sasinomipun | mas mirah ywa walangdriya ||

16. mêngko sun malêbu maning | dhingin arsa nêmonana | kangmas Tohpati rawuhe | utawa paman apatya | ewuh yèn tan mêtua | pandhita rara sumambung | babo bènêr lakinira ||

17. aja sira anggondhèli | ewuh-aya wus pêpanggya | nini sêmôngsa-mangsane | sang rêtna lilih ing driya | inguculkên kang kunca | laju miyos sang binagus | kang lênggah jumênêng samya ||

18. Radèn Inokêrtapati | kang jinujuk dènnya lênggah | Sang Narawôngsa Rahadèn | Dyan Panji Sinompêrdapa | mingsrê pilênggahira | wu[...] [wu...] [...]...] lênggah sêdarum | linilan nèng kursi samya ||

19. mêrdapa sagung sumiwi | [...] Patih Kudanawarsa | mangukuh anèng kursine | Rahadèn Nila Prabrôngsa | taklim mring arinira | mung Jayèngrêsmi sang bagus | mring raka datan rêringa ||

20. wus èsmu kraos dyan wasi | dènira ngingum akathah | dhinêsêk ing palênggahe | mring Dyan Panji tan kadriya | wau Dyan Narawôngsa | pangandikanira asru | hèh ta Panji kasatriyan ||

21. sêdya apa sira mijil | bécik uga kêlonana | lan bojomu gajah barong | yèn sira tinggal nèng jaba | ing mêngko têmah mêtua | mèsêm Radèn Marabangun | dyan wasi inglus pipinya ||

22. sarwi angandika manis | dhuh yayi mas sun tan bêtah | pisah  
suwe lan dhèwèke | lan arsa milya kasukan | angladèni kakang mas |  
ngliring Radèn Marabangun | mring raka Dyan Brajanata ||

23. miwah mring rêkyana patih | manis dènira ngandika | suwawi  
dugèkna age | sami kasukan abêksa | sanak-sanak myang kônca |  
niyaka para tumênggung | kawula arsa uninga ||

24. tan lênggana kang sinung ling | gya ngatag sami abêksa | rakit  
sêkawan ajênge | putra sisihan bupatiya | bêksanira mawarna | neka-  
neka gêndhingipun | ana bêksa lawung sura ||

25. wènèh bindi gada mamrih | sami mêngtarkên wiraga | angodhang  
kaprawirane | ana ujung bôndabaya | lyan tawok tamsir waja | tan ana  
kuciwèng sêmu | tuhu sami wirutama ||

26. putra ing Jênggalamanik | tènapi para bupatiya | putus wiramèng  
bêksane | kang kinentha[4] warna-warna | larasing langên bêksa  
[bêk...] [...sa] | ana raras sasrabau | duk Radèn Patih Suwônda ||

27. nglama[...]da nagri | têmahan abitutama | lyan Rama Badra larase  
| duk tandhing wê[...] | lawan yêksa Ngalêngka | ana ngraras brata  
pupuh | pranging Pêndhawa Kurawa ||

28. pamiriting langên ngêngting | bupati tandhing pra putra | kêng dadi  
êngênging ngakèh | duk bêksa Dyan Brajanata | sisih Radèn Pêrtala |  
Dyan Andaga tiganipun | catur Dyan Jayamiruta ||

29. bêksa tamèng gada bindi | kalaganjur gêndhingira | satindak  
pêngkuh gêdruge | kadi ngobahna byantala | gora-rèh gora-gadha |  
wêntus dhêndha krora digung | tan ana ingkang kuciwa ||

30. kêng surak ramya mawanti | sami sukaning wêrdaya | gya sami  
nginum sawuse | Ki Bancak lawan Prasônta | tansah nglarih kang  
bêksa | acucud sasolahipun | maminta kang majêng bêksa ||

31. Sang Kudanawarsa Patih | ingatag mopo kewala | mring Ki  
Prasônta wuwuse | kawula langkung lênggana | de wus kapara tuwa |  
sumôngga kêng anom asung | sêdhênge môngsa taruna ||

## 5. Sinom

1. Rahadèn Sinompêrdapa | ingatag ngraka Dyan Panji | bêksa lan  
kadang priyôngga | wau Radèn Wukirsari | tiga Radèn Pêrmadi |  
Dyan Wiranatarja catur | bêksa tamèng curiga | mênggêp kêtawang  
kang gêndhing | mirit raras duk yuda Karna tandhingan ||

2. lawan satriya Arjuna | tuhu bagus Dyan Sêsimping | wasis putus  
ing wirama | akarya brangtaning ngèksi | myang Radèn Wukirsari |  
tan kuciwa sigitipun | dhasar ladak sêmbada | lir Dyan Sômba  
mangun brangti | amantêsi wau Radèn Jayèngrana ||

3. luwês a[...]  
rama [a...] [...[...]  
rama] | obahing jôngga rêspati | tinon  
lir Dyan Narayana | Wiranatarja [...] | bêksa solah mèsajani[5] | dyan  
catur tuhu binaud | prayitna ujung katga | ta[...] nguciwani | kandêlira  
gya sami inum-inuman ||

4. sang catur nulya u[...]  
k | mring Rahadèn Kêrtapati | sarwi nyaosi  
minuman | anggur maderah tinampin | miwah Dyan Jayèngrêsmi |  
sang kalih anulya ngunjuk | matur Dyan Wukirsêkar | kakang mas  
kantun pribadi | sêkalihan kawula aturi bêksa ||

5. dadya pangirining kathah | pantês-pantêsing sarimbit | bêksa  
mêntarkên wiraga | yèn sampun gya sami guling | mèsêm Dyan  
Wanèngpati | dyan wasi kraos ing wuru | nulya jumênêng radyan |  
sêkalihan bêksa sami | gêndhing munya barang asmara angraras ||

6. rêspati padha kêrasa | pênabuhira aririh | kêng ricik rêbab kapyarsa  
| calêmpung suling dumêling | gambang salukat asri | kêtipung ukur  
dinumuk | langut sindhèning kênya | sênggakira angêdhasih | sabên  
gôngsa kang surak lir bata rêbah ||

7. suka kang para kadeyan | miwah sagunging bupati | jumênêng  
kêplok sêdaya | kang dadya egarnya sami | dening Dyan Wanêngpati  
| wus sirna sungkawanipun | usadaning rudita | tuhu Radèn  
Jayèngrêsmi | mring sang wasi jumrung ngênting manglêmbana ||

8. mila nêlas sukanira | ana kang ngêrbat ngêpraki | wênèh kapilêng  
tumingal | sangking bagusnya sang kalih | kadya kêmban ingèksi |  
wasis ing wirama putus | lyan kaduk wurunira | Dyan Kuda Antunan  
nênggih | pan kabyatan panginum rêbah

binayang ||

9. Kusuma Côndrakirana | tan jênak lênggah sang dèwi | akêdhap-  
kêdhap tumingal | nginjên kang raka sang pêkik | dahat kabyatan  
brangti | [...]padhaning kayun | tanbuh ing solahira | kêlangkung  
bêntèring galih | aningali Radèn Kuda Narawôngsa ||

10. dene solahirèng raka | gêrgête tan mêsajani | supe marang kang  
sarira | kathah solahnya sang dèwi | Sang Dyah Rêtna Jinali | tan  
pisah kangbok Dyah Galuh | risang pandhita lara | tansah ingimur  
kang siwi | iyeka ta wong agung kalih kang bêksa ||

11. tandya ngasta jêbêngira | kadya manyura kasampir | saya wimbuh  
rarasira | dhasar abagus kêng warni | cahya kongas ngrimangi | lir  
prada ingkang pamulu | kasuluh pandam lumrang | gêbyar-gêbyar  
mêspadani | kênyarirèng rêtna pagut lan pangeswa ||

12. lir thathit mawra liwêran | angênglêng sagung ningali | pêngrasa  
bênggang sing kisma | sang kalih tuhu linuwih | dhasar ingkang  
mungkasi | panjilmanira Ywang Wisnu | mêngtar sumbagèng deya |  
lawan sri angeka warni | tan kuciwa sami dewa ngejawantah ||

13. Ki Cêkruk lawan Prasônta | kêlangkung bungahing ati | duk  
bêksa sang kalihira | sêparan dipun tut wuri | pan sarwi angêploki |  
siji sowang kalhipun | malih bungahing manah | Ki Cêkruk myat ing  
parèstri | kang naningal ginambul abubar-bubar ||

14. wau Ki Menak Prasônta | sinambi anganganumi | ingkang pinêlêng ing manah | namung Radèn Wukirsari | dening berag tan sipi | duk bêksa dyan kalihipun | kraos ing wurunira | kawijil èsthining [...] | rêngêng-rêngêng nut gêndhing ngidung wangsalan ||

15. tan lyan paraning asmara | [...] Dyah Rêtna Jinali | manthuk-manthuk Ki Prasônta | sayenggar putra Kadhiri | [...] gêmpunging galih | Rahadèn Prabatasantun | tanbuh paraning brôngta | nguyêl-uyêl wong ngladèni | ingkang mètèt Lurah Bêkêl Trunasmara ||

16. suka kêng sami tumingal | gumyak-gumyak parpat kalih | wau Radèn Rawisrêngga | sadangunira angrangin | ngliring Dyan Jayèngrêsmi | saya kabwatan ing wuyung | èngêt srênggarèng garwa | nguni Sang Dyah Sêkartaji | duk parênging bêksa sami sêsambêran ||

17. anulya oyog-oyogan | dyan wasi sêmu pinidih | kang wêntis radyan garjita | gumêrgêt angêmu runtik | gya narik curiga glis | kang jêbêng kinèring mungsuh | saya jomblong gung mulat | wong agung kalih kêng ngrangin | ujung katga tangkis jêbêng wirutama ||

18. tan ana ingkang kuciwa | najan kêng dhuwung ngênèni | mring ôngga datan wigatya | lir panjang putra ngupami | sinasog ing ron pari | maras kêng sami andulu | Dyan Kuda Narawôngsa | panggoconira tinitir | dhasar kaduk wuru angêmu bramantya ||

19. mèsêm Radèn Rawisrêngga | kang rayi angêmu runtik | Dyan Panji tansah mangêrpa | ya ta Radèn Jayèngrêsmi | kêraos ragi arip | sangking pêndhapa gya mundur | mring gêdhong kuwunira | Rahadèn Pêrbatasari | Radèn Wukir ingkang dhèrèk datan pisah ||

20. Rahadèn Gagakpêrnala | sakêdhap datan udani | katilap Dyan Narawôngsa | tédhak ngulati kang rayi | bubar kanglênggah sami | dhasar sami kraos wuru | kalungsèn wancinira | sampun jam sakawan enjing | radèn wasi ngisis nèng èmpèring kamar ||

21. sêsarean anèng risban | apan sarwi dèn kêbuti | dhatêng Radèn Wukirsêkar | tan dangu Dyan Kêrtapati | rawuh nusul kang rayi | tumut lênggah nèng kursya gung | kagèt Dyan Narawôngsa | wungu dènira aguling | èsmu mingsêr dhinêsêk dènira lênggah ||

22. èsmu sêndhu sêbdanira | arêp apa sira Panji | bêngi-bêngi kajumutan | anusul wong lagi guling | bènêre amarani | ing bojone Dèwi Galuh | kang bènthing kaya rêca | kang lindra-lindri lir babi | mêngko ngamuk yèn sira tan malbèng wisma ||

23. gumujêng Dyan Wukirsêkar | ngandika Dyan Wanèngpati | yayi Kuda Narawôngsa | bangêt aboting tyas mami | yèn bakyunira yayi | durung mulya malanipun | tangèh lunturing trêсна | gigu tunggalana guling | sru gumujêng Radèn Wasi Narawôngsa ||

24. sarwi manis angandika | iku ywa mêngkono Panji | najan rupa warak kawak | jêr iku Si Sêkartaji | sotah tan sotah pêsthi | cêkramanana bojomu | yèn tan sudi tumingal | rêmna netranira Panji | sarwi mèsêm dyan wasi kanthi rudita ||

## 6. Kinanthi

1. latah Radèn Wukirsantun | myarsa aturnya dyan wasi | umatur sarwi gumuywa | kakang mas lèrês dyan wasi | yogi si rupan kewala | mung mawrat grênjêling jalmi ||

2. najan grayangnya ngêndhuruk | gampil nahankên ing rêsmi | ugêre tan kasatmata | prandene kêng gônda wangi | winawrat lan wor asmara | lan kêng wade rakok wangi ||

3. lêhêng kangbok Dèwi Galuh | mèsêm Radèn Kêrtapati | [...] Dyan Narawôngsa | pangandikanira manis | iku priya Wukirsêkar | ba[...]yune[6] dèn payoki ||

4. matur Radèn Wukirsantun | kakang mas ulun sayêkti | yèn taksih ingkang cintraka | pan dèrèng mathêm ing batin | ngakên kadang mring sang rêtna | Dyan Panji ngandika malih ||

5. mring Jayèngrêsmi sang bagus | dhuh ariningsun ki wasi | sangking wrat ingsun lumêksa | nglakoni karsèng rama ji | awit wangsiting jawata | garwèstri asor kêng warni ||

6. payo yayi têrna ingsun | marêk Nimas Sêkartaji | jêr sira srananing patah | mênawa ruwat sang dèwi | ywa adoh anèng jêrambah | drapon sun ayêm kang ati ||

7. dyan wasi darahing kayun | gya tindak sang rajasiwi | kinanthi Dyan Narawôngsa | gya prapta ing dalêm aglis | Kusuma Côndrakirana | duk wrin kang raka Dyan Panji ||

8. kêlangkung lêga ing kalbu | anulya dèn pêlajêngi | duk cêlak angrangkul tandya | Dyan Narawôngsa anêbih | Dyan Panji cinènèng agya | malêbêt ing jinêm-wangi ||

9. prabawèng dhêsthi tumanduk | tan wiyang Dyan Wanèngpati | dyan wasi lênggah ing jrambah | ya ta kang nèng tilamsari | Radèn Panji Rawisrêngga | tansah rinangkul mring rayi ||

10. dyan putra nirtyasèng limut | gajêg-gajêg tumimbang sih | dadya gunturi srênggara | dhuh mas mirah ingsun gusti | kang sêtya asih mring priya | manik sêsotyèng Kadhiri ||

11. musthikaning jinêm-arum | kang nukmèng purnamasasi | asor Dèwi Wilutama | intêne pun Kêrtapati | Kusuma Côndrakirana | kêmanisên [kêma...] | [...nisên] ing sêbda ris ||

12. saya kêncêng dènnya ngrangkul | Dyan Panji dipun [...]si | pêngkêran myang astanira | Radèn Kuda Jayèngrêsmi | miyarsa saking jêrambah | pangungrumira Dyan Panji ||

13. tansah amèsêm ing kalbu | angandika sang [...]wi | iku luput kasatriyan | kurang nyamlêng ngungrum rabi | mêngkenea kang srênggara | dhuh mas mirah ingsun yayi ||

14. kang ngèyèl minta jinêrn-rum | gègèlah nagri Kadhiri | kesedan ing pagulingan | kang nukma saliring najis | kang mindha Bèthara Gana | kuru rêca ngrandhu gunting ||

15. èsème lêgi cèmpaluk | ambune lir wêdhus wiwi | Kusuma Còndrakirana | duk mirêng bêndu tan sipi | sugal dènira ngandika | baya iku Jayèngrêsmi ||

16. yèn micara nora patut | agung gawe mêmayoki | jêr wong gunung kurang ajar | wani-wani marang putri | mulane iya jêng peran | rada ewa marang mami ||

17. jêr dhèwèke kang mêmurung | rêmêne marang ing mami | sang dyah pan lajêng karuna | gulungan nèng kasursari | gèra-gèro asêsambat | katuwona awak mami ||

18. wus lawas nora salulut | pijêr dipun cècampahi | mring si kirik Narawôngsa | kangjêng peran nora galih | apa dipun ajanana | si dipongkrang Jayèngrêsmi ||

19. yèn mêngkono kakang brangus | trêсна mring si gènjik wasi | ujure mung dadi patah | kamrate tan mèsajani | anggung gawe rêrangkulan | iku kinapakna ugi ||

20. padha lanang lèngkèt langkung | Lahadèn[7] Si Wukirsari | milu ngèmong Narawôngsa | kamare dèn pèrantèni | lae angur dèn wayuha | sapadha-padhaning putri ||

21. nora gêrantès [gèrantê...] [...] ing kalbu | wus lumrahing satriya di | asugih garwa biyada | lan môngsa wania [...] | calathu sawiyah-wiyah | kaya si wasi sèkrobi ||

22. Dyan Jayèngrêsmi sang bagus | miyarsa runtik ing galih | tan pamit anulya mèdal | mring gyanya Dyan Wukirsari | wau Dyan Gagakpèrnala | kêlangkung putèk ing galih ||



23. ningali garwa Dyah Galuh | kewran pangêjuming galih | kêlamun pinutungana | ajrih wêlinging sudarmi | anganti ruwating garwa | yun tinahankên ing rêsmi ||

24. mêksa tan sotah ing kalbu | dhatêng ingkang mindha warni | dadya pinêsu kang driya | anyipta asmaragami | sang dyah ciniptèng asmara | apan sarwi dèn sirêpi ||

25. Côndrakirana Sang Ayu | kê nèng pangaribawa di | kanikmatên ing asmara | lir sawantahing arêsmi | lan Radèn Gagakpêmala | laju kêpati aguling ||

26. gya miyos Dyan Marabangun | mring gyanya Dyan Jayèngrêsmi | sêmana wus rina tatas | niskara datan kawarni | pan sabên-sabên mangkana | lamun Sang Dyah Sêkartaji ||

27. onêng langênirèng kakung | ciniptèng asmaragami | dadya sang dyah anarima | dene Radèn Wanèngpati | tan kewran asmaranira | kathah kang biyada sêlir ||

28. guru putri sang rêtna yu | miwah ingkang para manis | miyarsa sukèng wêrdaya | lamun Radèn Kêrtapati | wus sae lawan kang garwa | gya tur wrin ing sri bupati ||

29. sang nata suka ing kalbu | miarsa kabaring siwi | tata-tita kêng walgita | mêne gênti kang ginupit | nênggih nagri tanah sabrang | narendra ing Gêdhahwilis ||

30. ratu mahambara agung | marentah samining aji | prawira amôndraguna | jêjulukira sang aji | Mahraja Sukma Nglêngkara | taruna kêng warna sigit ||

31. ambêranyak sêmonipun | mêksi[...]ka sang aji | dèrèng nambut ing akrama | pêpatihira wêwangi | Dipati Môngdrasusena | kaprawiranira ngênting ||

32. kêkalihing namanipun | ya Lêmbulêksana Patih | agul prakosèng ayuda | titih pasah ngagal langit | mila sang prabu ing Gêdhah | kèringan ing nungsa bumi ||

33. dhasaring ratu pinunjul | pêpatihira mumpuni | pra punggawa wirutama | gangsal andêling nêgari | Tumênggung Kêbo Lorodan | lan Dêmang Dhandhang Minangsi ||

34. tiga Arya Jayèngkewuh | lan Rôngga Kalamisani | gangsal Arya Wirubajra | nênem ki rêkyana patih | pusakaning nagri Gêdhah | wontên raja kang piniji ||

35. kapêrnah pamaning prabu | nênggih sang raja ing Jambi | ngran Prabu Lêmbubirawa | kalih sang rajèng Pawahi | tênggran Sri Maesadewa | pêrnah kang uwa sang aji ||

36. sang kalih andêling pupuh | dèdêg nung sarat ngajrihi | sêlawe kathahing raja | kêng karèh mring Gêdhahwilis | wadya gung datanpa petang | kêng gambuh sajroning nagri ||

## **7. Gambuh[8]**

1. Maha Kangjêng Sang Prabu | Sukma Nglêngkara winuwus | apan lagya sangêt kêsmaraning galih | mring Putri Jênggala Prabu | Rêtna Jinali Sang Sinom ||

2. awit supênèng dalu | sang nata katon salulut | lawan Sang Dyah Kusuma Rêtna Jinali | sawungunira sang prabu | langkung kêsmaraning batos ||

3. nimbali pathipun | gusthi rèh supênèng dalu | karsèng nata sêdya dipun lêksanani | nglayari mring Jawi gupuh | sarta anglamar sang sinom[...] [si...] [...nom[...]]||

4. sêmana prentah sampun | sadhiya sikêping pupuh | lan sumêkta baita kapal myang kunthing | badhe linayaran gupuh | ing rat Jawi karsèng katong ||

5. Jênggala kang jinujug | wadya pininta pan sampun | sapêrtigan kang kinèn têngga nêgari | raja dwi wêlas kang tumut | karsanira sang akatong ||

6. dènnya sumêktèng pupuh | yèn dadya panglamaripun | ngiras ngarak yèn panglamarnya tinampik | laju angêrbasèng pupuh | tandya sumêkta gunging wong ||

7. sigra budhal sang prabu | sawadya sing praja kêbut | Sang Sri Sukma Nglêngkara ginarbêg dasih | mênggêp munggèng rata murub | praptèng muara sang katong ||

8. gya nitih palwa sampun | kamot sawadyakoswa gung | gajah rata kuda myang sikêping jurit | sêdaya kawrat pêrau | sawidak palwa mirantos ||

9. asri anèng ing laut | kêng layar katon kumêndhung | langkung kêras kêng baita angsal angin | datan kawarna ing ênu | muara Jawi wus rawoh ||

10. gya labuh jangkaripun | mêngtas sêdaya sing laut | Sang Sri Gêdhah tata pakuwon sêdasih | rakit kitha biting pêngkuh | nèng pasisir amirantos ||

11. Jênggala tlatahipun | gègèr wong padesan sumyur | pan kadhêsêk wadya gung ing Gêdhahwilis | wêtawis kathahing wadu | pitung lêksa amirantos ||

12. nanging tan karya rusuh | dening parentah sang prabu | krana dèrèng tamtu panglamar tinampik | duk trang mrih arja kang rawuh | tèntrêm dêsas-desas kang wong ||

13. wênèh kathah kang têpung | samyalit [sa...] [...myalit] adol tinuku | urup brana jêr wong Gêdhah akèh sugih | lintu boga lyaning wadu | ana ingkang bukak toko ||

14. Sukma Nglêngkara Prabu | gya minta utusan gupuh | nglamar dhatêng nêgari Jênggalamanik | raja kalih kang lumaku | Pawahi lan Jambi Katong ||

15. saha srat mêsat sampun | raja kalih sabalanipun[9] | kêkapalan anyèwu ingkang prajurit | kunêng malih kang kawuwus | ing Jênggala Jêng Sang Katong ||

16. bubaring karyanipun | mangun pakramaning sunu | wadyèng mônca pan dèrèng kalilan mulih | dening warta wus misuwur | yèn pasisir pering kulon ||

17. wontên ratu gêng rawuh | kathah wadyabalanipun | Sri Jênggala parentah angati-ati | sumêkta sikêping pupuh | Radèn Tohpati sang anom ||

18. sêmana sampun kundur | sing dalêming arinipun | myang pra kadang kêng karèh Dyan Wonagiri | lan Dyan Natarja sang bagus | patih myang para bupatos ||

19. sêdaya sampun mundur | warnanên kangjêng sang prabu | nuju ingkang ri Soma miyos tinangkil | pêpak kêng wadyabala gung | anèng sitinggil sang katong ||

20. patih ngandika sampun | Kudanawarsa mabukuh | atanapi kang putra Radèn Tohpati | sakadang kadeyanipun | lan Dyan Natarja sang anom ||

21. myang pratiwa nung-anung | Sura Dêksana tumênggung | pan wêwalu niyaka Jênggalamanik | kalihira ngran Tumênggung | Sura Sênjaya dêl kewoh ||

22. tiga ingran Tumênggung | Maesapati kang catur | ngran Tumênggung Maesa Mêrjaya nênggih | gangsalira Mas Tumênggung | Sêcanêgara dêl tatos ||

23. nêmnnya ingran [ing...] [...ran] Tumênggung | Sura Pêrwôngga  
pinunjul | pitu Arya Adiraja jêksèng nagri | Dyan Sastrasancaya walu  
| pujanganing praja kaot ||

24. silanira mabukuh | tandya sang nata nêbda rum | hèn  
Kudanawarsa paran putra mami | kaki Panji Marabangun | dènira  
krama karongron ||

25. paran tulusa atut | apa tan mamang ing kalbu | sang dipati matur  
sarywa awotsari | dhuh dewaji putra prabu | lêstantun rukun  
karongron ||

26. nanging wêtawis ulun | anggèr Pangran Marabangun | dèrèng  
patya eca pisan ingkang galih | dhatêng garwa Sang Dyah Galuh |  
mêksih ruwatnya ingantos ||

27. nanging sungkawanipun | jêng anggèr sirna sêdarun[10] |  
sêmunira kang dadya usadèng kingkin | dede garwa sang rêtna yu |  
ugi dyan wasi sang anom ||

28. Dyan Brajanata matur | rama kangjêng sang aprabu | langkung  
lêrês turnya pun uwa dipati | mila yayi Marabangun | sêmunè ayêm  
ing batos ||

29. tan pisah siyang dalu | lan pun wasi runtang-runtung | sri  
narendra ngungun-ngungun ingkang galih | ketang sêsmitèng dewa  
gung | malih angandika alon ||

30. hèn Brajanata kulup | kayaparan wartanipun | raja sabrang kêng  
ngancik talatah mami | kayaparan sêdyanipun | hèn patih paran kang  
wartos ||

31. kancanira tumênggung | tamping apa tan atur wruh | Dyan  
Tohpati lan patih sarêng turnya ris | diwaji raja kêng rawuh | warti  
sae sêdyèng katong ||

32. dangu nêbda sang prabu | sêmana tandya kasar | dhatêngira raja  
caraka kêkalih | sabalaniragumrudug | jêjaranan sagunging wong ||

33. karya gitaning wadu | ing pangurak [...]jug | orêgirèng jawi wus  
kapiersèng sang aji[11] | kya patih kêng saos atur | sasaniskarèng kang  
rawoh ||

34. sang nata duk myarsa tur | yèn wontên caraka rawuh | sangking  
Gêdhah kampita nglociptèng galih | apa baya karyanipun | Raja  
Gêdhah kokonan wong ||

35. dingarèn lakunipun | narendra parentah sampun | animbali raja  
kalih kang tinuding | Sêcanêgara Tumênggung | mêsat nimbali duta  
ro ||

36. pangurakan prapta wus | lan Narendra Jambi pangguh | myang  
Pawahi dhawuh timbalan sang aji | tan wiyang sang kalihipun | kerid  
adhandhang wiraos ||

## 8. Dhandhanggula

1. raja kalih tan ambêkta dasih | pan ingantun anèng pangurakan |  
mung kêng ngampil pawohane | lan pakêcohanipun | miwah rakok  
sabêt nyatunggil | langkung lambaning manah | tan prayitnèng kewuh  
| kibir kang surat kêtampan | dhasar sura kasantikanira ngênting | tan  
wangwang kirdhaning Iyan ||

2. narpa kalih ebat aningali | rakitira nêgari Jênggala | kêlangkung-  
langkung tatane | wingit sêmuning kratun | datan kadi sabrang nêgari  
| tan antara wus prapta | ngarsaning sang prabu | piyak sagunging  
siwaka | Radèn Brajanata ngandikan rama ji | minggah dhatêng  
witana ||

3. pan kapering ngarsa dhampar rukmi | raja duta sampun kinèn  
lênggah | nèng kursi sor witanane | nata kalih mabukuh | langkung  
ajrih sarèng ningali | dhatêng Natèng Jênggala | kaprabawèng luhur |

Mahraja Dewa Kusuma | angandika nêmbrama arum amanis | sanak katuran samya ||

4. satêka para ing ngarsa mami | sintên ingkangsinambat ing nama | paraning karya dhatênge | Lêmbubirawa Prabu | gêpah matur sarwi ngrêp asih | dhuh kangjêng sri narendra | kang sêbda kasuwun | dhawuh ingkang parikrama | jêng paduka andangu ing nama mami | ngran Si Lêmbubirawa ||

5. apalênggah nêgari ing Jambi | de punika ing Pawahi Raja | Maesadewa têngrane | karya amba sang prabu | pan ingutus putranta aji | Prabu Sukma Nglêngkara | ing Gêdhah praja gung | dhingin ngaturakên ingkang | sêmbah bêkti kunjuk paduka nêrpati | lan kaping kalihira ||

6. nyaosakên pisungsong putra ji | warna pèni-pèni sarwa endah | miwah sirpis kêncanane | myang pêkakas meja gung | sarwa perak gêlas nêmbêtil | kêng kaping tiganira | kawula ingutus | anyaosakên nuwala | mring paduka sang nata ngandika manis | kisanak lah anêdha ||

7. angandika mring Radèn Tohpati | hèn ta kulup nuli tampanana | Raja Gêdhah supatrane | tan wiyang kang tinuduh | tumrun arsa nampèni tulis | Mraja Lêmbubirawa | netyandik tanpasung | manthêlêng Dyan Brajanata | Prabu Jambi matur dhatêng sri bupati | diwaji wêlingira ||

8. putra paduka Sri Gêdhahwilis | tan kalilan srat kêng nampènana | liyane paduka katong | sang nata ngandika rum | hèn kisanak ywa walangati | têka dika sungêna | pêniku putrêngsun | ing têmbe puput manira | yogya madêg Narendra Jênggalamanik | nambung putunging watang ||

9. Raja Jambi alêga kêng ati | kang nuwala sigra sinungêna | dhatêng Dyan Brajanatane | Radèn Tohpati wau | èsmu duka nampèni [na...]

[...mpèni] tulis | cinandhak nginggilira | sapangrèh asêndhu | wus  
wangsul mring pênahira | Sri Jênggala pangandikanira manis | kulup  
sira kon maca ||

10. matur sandika Dyan Wonagiri | gya nimbali Dyan Sastrasancaya |  
kinèn nupiksa sêrate | majêng ing ngarsa prabu | kêng supatra  
sinungkên aglis | tandya wau binuka | udayaning têtambung | papêngêt  
ingkang nuwala | saha ingkang sêmbah bêktining pamuji | mijil  
eklasing manah ||

11. sangking narendra ing Gêdhahwilis | Prabu Sukma Nglêngkara  
sudibya | amarentah samèng katong | Ngatasangin misuwur | kaatura  
rama nêrpati | sang prabu ing Jênggala | Sri Lêmbumiluhur | ya Mraja  
Dewa Kusuma | kêng kasosra dibya mahambara murti | sinihan ing  
wisesa ||

12. kinamulèn jawata apsari | baudhêndha ngrat Jawi minulya |  
ingkang nuwala wiyose | dhapur amba nênuwun | jawah sontên  
ngêbun-bun enjing | yèn parêng karsa nata | putranta sang prabu |  
Sang Dyah Jinali sriwara | amba suwun dadosa kêng pramèswari |  
wontên nêgari Gêdhah ||

13. sangêt-sangêt tur amba rama ji | dening ulun wus lami gêng  
brôngta | mring putra paduka katong | punapa kang pinundhut |  
kirangirèng pisungsung mami | mundhuta wêwah brana | sajong  
sapêrau | kawula sampun sadhiya | mung paduka galiha ing atur  
mami | sangêt panuwun amba ||

14. yèn paduka tan arsa anggalih | awrat kawula adarbe karsa | ngong  
rêbat ing prang têmahe | sadhiyoha ngapupuh | nginggilèna kang  
baluwarti | tan wande ulun prapta | anggêmpur praja gung | wau Dyan  
Nila Prabôngsa [Prabôngs...] [...sa] | duk miarsa ijêmanira ing tulis |  
sêklangkung kurdhanira ||

15. dening sangêt dènnya nglaluhuri | dhatêng ingkang rama sri  
narendra | têmah anantang yudane | kang srat sinêbit asru | radyan  
nêbda mring duta kalih | duta sira matura | mring Gêdhah Sang Prabu



| jêng rama tan mangsulana | mung matura sêsmita ajuring tulis | yun  
prapta saha bala ||

16. kapan-kapan têka sri bupati | mring Jênggala pêsthi sun papag  
prang | tan susah ngluhurkên bêtêng | Sri Jambi langkung bêndu |  
sarêng ingkang sêrat sinêbik[12] | andik netra ngatirah | Tohpati  
Dyan sunu | duk mulat duta sudira | tan sêrônta jumênêng nêng  
ngarsa aji | arsa mêrwasêng duta ||

17. Risang Lêmbubirawa Nêrpati | madêg arsa jangkah Dyan  
Prabôngsa | gêpah Sang Pawahi rajêng | mêngati anêng ngayun |  
sêbdanira angasih-asih | sampun-sampun ri nata | tan kinèn apupuh |  
tan lyan kinèn sung nuwala | dening dadya brawala ajuring tulis |  
yêkti môngsa wandeya ||

18. benjang angadoni jayêng jurit | wau Ki Patih Kudanawarsa |  
mêngati Dyan Tohpatine | sarwa ngandika arum | sampun anggèr  
kasêrêng runtik | dede lampahing praja | duta pinrih lampus | karya  
nisthaning narendra | malah-malah duta yogyana pinisalin | najan ta  
murang krama ||

19. inggih dèn apura sawêtawis | benjang tan wande abitutama |  
angêtog kaprawirane | lilih tyasnya sang bagus | nulya tata lênggah  
sumiwi | caraka kalih mêsat | tan pamit mring prabu | asêndhu  
sasolahira | tan rêringa mangajap dadining jurit | prapta ing  
pangurakan ||

20. raja kalih nulya sami nitih | ing turôngga myang sabalanira |  
budhal sing jêng[...] age | wau kangjêng sang prabu | mêksih dènyya  
siniwêng dasih | nêbda marang apatya | hêh patih dèn gupuh |  
dhawuhana kancanira | radèn sumêkta sasikêpirêng ajurit[13] | tan  
wurung bitutama ||

21. Raja Gêdhah sayêkti nêkani | kang sun karya senapatining prang |  
Ki Tohpati putraningong | dening Ki Marabangun | aja sira paringi

uning | dimène pêngantenan | kiwala rumuhun | gampang yèn abot  
ing aprang | matur nêmbah sandika sang adipati | malih narpa  
ngandika ||

22. hèn putrèngsun kaki Wanagiri | lah adunên kabèh wong Jênggala  
| sira kang misesèng prange | kang liningan wotsantun | pan sandika  
Radèn Tohpati | langkung egaring manah | ingidèn ing pupuh | gya  
jêngkar sri naranata | malbèng pura maglaran sagunging nangkil |  
ngrakit yudakênaka ||

## 9. Pangkur

1. Dyan Nararya Brajanata | sakadangnya sigra sumêktèng jurit |  
tanapi sabalanipun | ingkang para atmaja | miwah para bupati  
sawadyanipun | prang srangan kang nata bala | anggêrgut sagunging  
dasih ||

2. sêmana apagunêman | rajaputra lawan Sang Adipati |  
Kudanawarsa umatur | nah anggèr Brajanata | paran karsa paduka  
prakawis mungsuh | punapa anglurugana | punapa tadhah ing jurit ||

3. mêngsah wus anèng muara | tata kuwu santosa ingkang biting |  
Radèn Tohpati nêbda sru | uwa patih karsèngwang | mêngsah arsa  
sun lurugi saha wadu | drapon aywa nganti cêlak | ing nagri  
Jênggalamanik ||

4. wadya lit ywa karisakan [karisaka...] [...n] | ing sagène wong  
Gêdhah ulun usir | najan nèng pakuwonipun | sayêkti ingsun langgar |  
gèn ngong tata baris nèng jawi praja gung | ing wona  
Randhukumbala | sêdhêng doh pêraking nagri ||

5. dening paduka wa patya | sampun tumut mring amba magut jurit |  
lawan sêpalih wadya gung | myang kangmas Nataarja | pra bupati  
sêkawan samia kantun | dèn prayitna ngrêksèng praja | yèn mêngsah  
cidra mrih jurit ||

6. sampun ngantya kasusahan | kêng bupati catur tumuta mami | de  
môncanêgari sagung | sêdaya ulun bêkta | kyana patih sakarsèng  
putra jumurung | wau Dyan Nila Prabôngsa | prentah nêmbang  
têngara glis ||

7. Rahadèn Kuda Gadhingan | mêsat sangking ngarsa suwarèng dasih  
| tandya pun guna pamukul | nabuh bêndhe angangkang | sinauran  
mariyêm munya jumêgur | pracina umangkat ing prang | gya daut  
sagunging baris ||

8. muntab lir jêladri bêna | srang gurnita swarèng têngara atri | para  
pratiwa tumênggung | sami nindhihi bala | miwah ingkang para  
atmaja sêdarum | golung-golongan pêpanthan | sajuru-juru arakit ||

9. Radyan Arya Brajanata | kang minôngka senapatining jurit | kinare  
ing wadya agung | mênggêp munggèng matêngga | busana bra  
songsong jênar yèn dinulu | kadya Prabu Bogadênta | sêmbada  
prakosèng jurit ||

10. para ri nèng wuri ngarsa | Radèn Kuda Gadhingan kang pangarsi |  
Dyan Pambêrêg Dyan Pamêcut | Radèn Kuda Layaran | Dyan  
Antunan Panji Sutra malhipun | Panji Gêdhah Panji Têpas | witana  
pêndhawa wijil ||

11. mangku wadya sowang-sowang | munggèng kudaasongsong  
kartas putih | lampahing baris anglurug | kunêng gènti kawarna |  
Sang Sri Sukma Nglêngkara kang agêng wuyung | dhatêng putri ing  
Jênggala | Kusuma Rêtna Jinali ||

12. linipur mêksa kêrantan | ing sêmana lagya miyos tinangkil |  
mênggêp munggèng tarub agung | pinêpak wadyanira | sarta sami  
sumêkta sikêping pupuh | yèn tinampik dera nglamar | laju arsa  
budhal nuli ||

13. dhatêng nêgari Jênggala | sang dyah rêtna rinêbat ing ajurit | wadya gung miranti sampun | para raja dipatya | busana bra lir pendah ardi katunu | pratistha Sang Rajêng Gêdhah | lênggah anêng kursi rukmi ||

14. pra raja nêng kursi aglar | ngering nganan wadya aglar ing ngarsi | Patih Môngrasena ngayun | Prabu Sukma Nglêngkara | sadangunya lênggah kêng kaciptêng kalbu | namung Jinali Sang Rêtna | tansah ngandika lan patih ||

15. dêdugi panglamarira | wangsul tuwin kêtampana kêng tulis | sêmana tandya kasar | dhatênge kang dinuta | raja kalih dumrajog anêng ing ngayun | Pawahi lan Jambi Nata | kagèt Sang Sri Gêdhahwilis ||

16. dhatêngira kêng wa paman | gêpah-gêpah pandangunya sang aji | lah andika paman prabu | manira dulu prapta | ge matura paran antuk karyanipun | matur Sri Lêmbubirawa | amba ingutus dewaji ||

17. anaosakên nuwala | mring ramanta Prabu Jênggalamanik | yêkti tiwas anak prabu | nuwala tan kêtampan | malah-malah kang sêrat sinêbit ajur | dhumatêng pun Brajanata | akarya pêpucuk jurit [juri...] [...t]

18. kang wasta pun Brajanata | putranira natêng Jênggalamanik | langkung dening kumapurun | kawula ywa èngêta | kirang kêdhik kêraos ing tangan ulun | sumôngga ing karsa nata | Sang Sukma Nglêngkara Aji ||

19. duk mirsa ing aturira | ingkang paman Risang Narendra Jambi | sakêlangkung dukanipun | idêp mangada-ada | prakampita kang pênaja sumung-sumung | miyud kang kursi kêncona | akêras dênira angling ||

20. ora talah Brajanata | kumalancang nêbit nuwala mami | kaya apa warnanipun | tan kêna pinrih arja | wong Jênggala Si Tohpati gege lampus | hêh bapa Môngrasusena | Kusuma Rêtna Jinali ||

21. arsa sun rêbut ing aprang | ingsun budhal iya sadina iki | angkatna baris pênganjur | patih matur sandika | nêmbah mundur sing ngarsa suwarèng wadu | gumêrah wadya ing Gêdhah | srang-srangan anata baris ||

22. pra raja sabalanira | pra bupati sawadya galong rakit | êncik-êncik para twangku | sigra têngara budhal | tinêngêran mariyêm munya jumêgur | daut ingkang balakoswa | umèb lir jêladri ngalih ||

23. kêkasir kêkondha dwaja | pan kumêlab kadya alun pan asri | kênyaring gunastra marcu | yayah trunèng udaya | payung-payung lir pêksi krêndha rêratun | maryêm gêng asêla-sêla | sinarad ing kuda sapi ||

24. Sang Prabu Sukma Nglêngkara | apratistha munggèng ing rata rukmi | pangirid kuda nung-anung | tèji kawan kêmbaran | pan anglela kêng songsong rukma lir daru | dhasar sigit sri narendra | karênggèng busana adi ||

25. yèn sinawang warnanira | kadya Radèn Rukmarata duk jurit | kang dadya pangarsèng laku | Sang Sri Lêmbubirawa | lawan Prabu Maesadewa sawadu | anggêrgut gunging kuswala [kuswa...] [...la] | kêng para raja pêngalit ||

26. nèng wuri myang wuri pisan | lyan pi[...] ngrêksèng pêkakas jurit | datan kawarna ing ênu | sêlatri lèrêb marga | enjing budhal ginêlak ing lampahipun | kawarna baris Jênggala | Dyan Brajanata sadasih ||

27. sêmana pan sampun prapta | wona Randhukumbala tata baris | anglêrêbakên ing wadu | sadalu mêsanggrahan | enjing budhal sêdya anglanggar ing pupuh | gya pangarsèng baris mulat | mêngsah ing Gêdhah kaèksi ||

28. prayitna wadya Jênggala | tata gêlar liman mêtâ ngajrihi | wong Gêdhah duk wrin ing mungsuh | prayitna dhèdhèr gêlar | prit anêba

golong-golongan gumulung | Sang Prabu Sukma Nglêngkara |  
gêgununganirèng baris ||

29. ginarbêg wadya sêliran | kawan èwu padha wong wani mati |  
pêpatih dhadhaning pupuh | cucuk Sang Jambi Raja | lan Pawahi  
sabala galong anggêrgut | pênjawat ing kering kanan | pra raja para  
dipati ||

30. baris Jênggala wus tata | kang minôngka têtalèning ajurit | Dyan  
Kuda Gadhingan pêngkuh | sabala wingkridita | lawan rayi tatiga de  
gadhingipun | Tumênggung Sêcanêgara | lan Arya Maesapati ||

31. lawan Kya Surasênjaya | myang Tumênggung Mesamêrjaya  
nênggih | pêngawat kering pra sunu | kanan môncanêgara | tan antara  
kêng yuda anulya campuh | mungsuh rowang barêng surak | tan ana  
sêdya gumingsir ||

## **10. Durma**

1. kang minôngka tulale Radèn Gadhingan | sabala nêmpuh wani |  
wong Jambi atadhah | wong Pawahi cucuk prang | kanan kering  
barêng ngungkih | rame kêng tinggar | kadya [...] ingkang ardi ||

2. sênjata gêng sinungsun-sungsun lir gêlap | barung sakêthi tarik |  
mimis drês lir jawah | mungsuh rowang kèh pêjah | tan ana kang  
ngucap ajrih | wangke gêlasah | tansah unghik-ingungkih ||

3. kêng swara ngrok kadi alun nêmpuh parang | prakêmpa bumi  
gunjing | langit lir kumêlab | pêtêng kokaping obat | wor lèbu kambah  
ing jurit | dadya gagasan | lir pendah têngah wêngi ||

4. gêbyaring kang cumbon pan kadi bêsrasa | mimis saengga thathit |  
lir tawon swaranya | lyan sumêngèr kapyarsa | anratas manêmpuh  
baris | sikêpaning prang | murub katiban mimis ||

5. payung dwaja lèlayu pèdhot manglayang | lir kuwung tibèng siti |  
nèmpuh jalma tatas | kang tèguh toblag kuntal | jèmparing pasèr  
mènuhi | kuda kèh pèjah | wangke lir parang curi ||

6. rajèng Sambas Mèlayu myang Puntianak | kang nèng pangawat  
kering | yuda lan pra putra | maryèm tinggar wus pèjah | caruk  
watang gandhi piling | limpung nènggala | tan ana nguciwani ||

7. kang nèng kanan wong Gèdhah gangsal bupati | Dèmang  
Dhandhang Minangsi | lan Kèbo Lorodan | tri Arya Wirubraja | catur  
Dyan Kalamisani | jangkèpnya gangsal | Tumènggung Jayèngwèsthi  
||

8. saha bala tèmpuh lan mōncanègara | rame asilih-ungkih | Radèn  
Brajanata | pamugarining laga | kang dadya awaking baris | kinare  
wadya | mēnggēp swandana èsthi ||

9. anung dibya awasta pun Puspadènta | nateingagêm jurit | tèguh tur  
anjalma | galak kagila-gila | Rahadèn Panji Tohpati | datan sêrōnta |  
mulat ingkang ajurit ||

10. kang swandana dèn angkus nrègakèn bala | pèpulih longing baris  
| tulalening gèlar | Radèn Kuda Gadhingan | miwah kang minōngka  
gadhing | catur niyaka | duk binrèg sangking wuri ||

11. saha bala mangamuk lir saradula | tadhah prajurit Jambi | Pawahi  
kotbuta | caruk biring lugora | nènggala pèrasu piling | lyan ujung  
pèdhang | swara pating kalèngcring ||

12. ting galothak kumèpruk kang bindi gada | braja putung  
cumèngkling | swara lir ampuhan | pèpati anggèlasah | dhèdhèl  
ngarsa jèjèl wuri | sami sudira | tan ana ngeman pati ||

13. kanan kering pan sarêng panêmpuhira | rame rok silih-ukih |  
gêdêr magênturan | carub wor liru papan | wong Jênggala  
môncanagri | kuciwa ing prang | mandhêlong ingkang baris ||

14. dening pamukira bupati ing Gêdhah | gangsal sura sinêkti | Dyan  
Kuda Gadhingan | prayitna awas mulat | yèn pênjawat kanan ngisis |  
mingêr tulung prang | tinalar ingkang dasih ||

15. lawan rayi tiga sawadya sêliran | wolung dasa nuranggi |  
anrapakên kuda | tulung môncanêgara | tinêmpuh mêngsah kang  
ngusir | gègèr puyêngan | kathah tatu myang lalis ||

16. pulih barisira wong môncanêgara | rame malih kang jurit | Sri  
Lêmbubirawa | lan Sri Maesadewa | angantêp dènira jurit | têdhak  
sing kuda | sikêp dhêndha sang kalih ||

17. miyak bala mangamuk lir saradula [sa...] [...radula] | singa  
sinêrang ngisis | kêng kaciptèng nala | Risang Lêmbubirawa | mung  
senapatining jurit | Dyan Brajanata | ngruruh sarywa mrih pati ||

18. sru kaetang bêtèring tyas duk nêbit srat | dadya ambubrah baris |  
glar dirada mêtâ | tulale lagya bênggang | kêng môngka gadhing  
kalindhah | catur bupati | kiwul-kiwul katitih ||

19. kalihira dhasar wantêr widagdaya | kinêmbulan tan osik | kèh  
mantri Jênggala | kêbabit gada pêjah | Tumênggung Maesapati |  
kawal kasingsal | kungsul rêmpu kang wêntis ||

20. Dyan Tohpati mulat kêlangkung bramantya | rusak gadhinging  
baris | mangsah miyak bala | ingankus kêng dipôngga | amandhi  
gada ngajrihi | wrat sèwu katya | wadya sami nututi ||

21. raja kalih wus panggih ayun-ayunan | Rajèng Jambi sukanting |  
asru sêbdanira | lah dalah ingsun bégja | têtumu lan sira Tohpati | payo  
tutugna | nguja suraning jurit ||



22. nguni cuwa nèng ngarsaning ramanira | yèn kêna sira ugi | sun eman ywa yuda | angur angaturêna | Kusuma Rêtna Jinali | mring Natèng Gêdhah | mênawa têkèng pati ||

23. apa sira nora kulak tuku warta | yèn ingsun ratu luwih | andêle Sri Gêdhah | gagêdhug anjlagêdhag | Dyan Brajanata duk myarsi | wuwusing nata | dukanira tan sipi ||

24. sru ngandika sarwi anudingi dhêndha | ora talah sira ngling | denea suwiyah | têka amonyah-monyah | si yayi Rêtna Jinali | sun ulungêna | yèn ingsun mêksihurip ||

25. tanbuh wuri yèn ingsun wus têkèng lena | ywa sira mangsah jurit | Si Sukma Lêngkara | majua ing ayuda | sun ujane padha siji | Sang Jambi Raja | kotbuta myarsa ing ngling ||

26. ngikal dhêndha mangangkah kumbaning gajah | prayitna Dyan Tohpati | tinangkis ing gada | kasingsal ponang dhêndha | sayandik Narendra Jambi | pêksa mangrangsang | dèn tulale ing êsthi ||

27. gya binucal mamprung dhawahira têbah | rajèng Pawahi ngukih | kêng bindi ingikal | dirada saya galak | Maesadewa binabit | tulale rêbah | rinênjah wus ngêmasi ||

28. wadya Jambi Pawahi mangêbyuk ing prang | mring Radèn Wanagiri | tawok lêmbing kantar | mangrampog ganjur atap | rajaputra nora osik | saya gambira | ngiwa nêngên anggitik ||

29. kêng dirada pun Puspadênta magalak | kinarayok saya ngrik | ngolang-ngaling mêta | tan na braja tumama | wong Jambi kathah ngêmasi | ginadhing tatas | rinênjah jur wor siti ||

30. kawimbuhan wadyanya Dyan Brajanata | nungkêb sing kanan kering | mêngsah saya sosrah | kang nèng kering kawarna | putra nênm kyat ing jurit | Radèn Antunan | Jêjêtan Radèn Wijil ||

31. Radèn Kuda Pambêrêg Dyan Panji Têpas | Kuda Layaran tuwin |  
aramé prangira | lawan katri narendra | wus kathah ingkang pêpati |  
mungsuhan lan rowang | riwut tan nolèh wuri ||

## 11. Pangkur

1. wadya lit mirut malarat | sasisaning pêjah sami anêbih | dhasar  
balaning pra sunu | akêdhik têdhakira | nora tahan nrang baya  
akuthah marus | kang mêksih panggah tumanggah | kantun pra abdi  
kêkasih ||

2. ana ngênêm myang nyadasa | pêngkuh ing prang datan nêdya  
gumingsir | sangkut lan wadya Mèlayu | ing Sambas Puntianak | tan  
prabeda namung kari andêlipun | pra twangku êncik ramya prang |  
lan kêkasih para aci ||

3. ana kêng ijèn-ijènan | wênèh dèn but tiga kinaro kuntit | mêksih  
kathah wong lumayu | lawan wadya pra putra | sêprandene wong  
sabrang kalês ing pupuh | dhasar sami widagdaya | kêkasihing para  
siwi ||

4. ginlintir dinulang mangap | tan kumêdhap labuh pati mring gusti |  
wontên juga kinarubut | wasta pun Suradarsa | dening êncik tiga  
nênggih wastanipun | êncik Purtin êncik Mandras | katiga êncik  
Kampodin ||

5. tan kewran pun Suradarsa | sikêp pêdhang kinarubut ing bodhik |  
Dyan Panji Têpas winuwus | ingkang ayuda lawan | twangku Mandar  
tan ana kuciwanipun | sami dharat sikêp watang | adangu ukih-  
ingukih ||

6. Dyan Pambêrêg kang yuda lan | twangku Marjan rame agênti kêris  
| Dyan Wijil tandhing apupuh | lawan Nêrpati Sambas | Sri Baswara  
Dyan Jêjêtan rame pupuh | lan wong agung Puntianak | wasta Mraja  
Ibniyodin ||

7. Rahadèn Kuda Antunan | ijèn lawan Sri Malayu Nêrpati | têngran Raja Pasaksiyung | kuntit Mlayu Narendra | ya ta Patih Môndrasusena kawuwus | duk cucuking yuda dhadhal | Rajèng Jambi myang Pawahi ||

8. sigra mangsah miyak bala | arsa mêthuk pamuknya Dyan Tohpati | wadya sumusul gumulung | wau Dyan Brajanata | wus kawuron ing aprang nirbayèng pupuh | têdhak sing diradanira | mangsah dharat [dha...] [...rat] sudira ngrik ||

9. pratistha amandhi dhêndha | kêng netyandik tinon ngebat-ebati | tuhu sang narendra sunu | bêbanthènging Jênggala | tau tatal angrusak gêlaring mungsuh | sawadyanira gambira | tansah prayitna nèng wuri ||

10. sarwi amukul têngara | bêndhe bèri kêndhang gong têtêgnya tri | wor surak gora gumuruh | Patih Môndrasusena | awas mulat mring Dyan Tohpati Sang Bagus | gya pinapag yun-ayunan | kya patih wuwusnya bêngis ||

11. hèn prajurit sira sapa | kumasura solahmu nglêlanangi | apa senapatènipun | nêbda Dyan Brajanata | aja tumbuh ya ingsun mênggalanipun | bêbanthènge wong Jênggala | aran Dyan Panji Tohpati ||

12. lah ta sira iku sapa | wani-wani mapag ing yuda mami | baya sira gege lampus | êndi Sukma Nglêngkara | sun ujane kadigdayaning apupuh | bêndu Ki Môndrasusena | akêras dènira angling ||

13. aja tumbuh iya ingwang | Môndrasena ing Gêdhah kang pêpatih | ya Lêmbulêksana ingsun | aja sira anantang | sri narendra ingsun bae tandhing pupuh | lan sira kaya tan cuwa | kurdha Radèn Wanagiri ||

14. gêgêt waja ngikal dhêndha | Môndrasena jinangkah yitna tangkis  
| ing bindi wêntusnya murub | sami karosanira | dadya rame ayuda  
pupuh-pinupuh | yèn gadanira kaliwat | bungkar orêg kang pratiwi ||

15. wong Jênggala myang wong Gêdhah | tansah sami surak ramya  
nèng wuri | têngara tinêmbang umyung | ebat gusti kang yuda | ramya  
pupuh-pinupuh sami kyatipun | kasliring Dyan Brajanata | kêsabêt  
kungsul kang wêntis

16. rêbah nèng kisma sakêdhap | nulya wungu gêdrug karêkat pulih |  
kêlangkung bramantyanipun | ingantêp rosanira | Môndrasena ginada  
tangkisnya murub | nratas kang dhêndha mring ôngga | ambruk ing  
kisma kya patih ||

17. pinupuh malih ing gada | sirahnya crah kapisanan kya patih |  
wadya ing Gêdhah mangêbyuk | dhatêng Dyan Brajanata | balanira  
Dyan Prabôngsa nungkêb pupuh | kêlangkung ramening yuda |  
mungsurowang akèh mati ||

18. Rahadèn Nila Prabôngsa | saya sura mamuk mêngsah matitih |  
kinêmbulan nora wiguh | ngiwa nêngên anggada | singa ingkang  
tinarajang kèlès gisus | wau bupati tatiga | duk wrin senapati ngukih ||

19. nulya ngêmbul ing ayuda | wadya Gêdhah saya bubrah kang baris  
| myang kanan kering mangêlud | baris môncanêgara | antuk titih  
Bupati Gêdhah kaburu | Rajèng Sambas Puntianak | sami kêplajêng  
ing jurit ||

20. baris ing Gêdhah upama | lir dhawuhan larut katêmpuh banjir |  
mung kantun lélajêripun | Prabu Sukma Nglêngkara | kang minôngka  
pangungsèning baris agung | sabala pan dèrèng obah | malang  
ratanya tan osik ||

21. mèsêm Sri Sukma Nglêngkara | aningali Radèn Panji Tohpati |  
dènnya nglanangi ing pupuh | kang wadya karisakan | sru bramantya  
ngabani ing balanipun | pilihan nanggulang ing prang | arame malih  
kang jurit ||

22. Rahadèn Nila Prabôngsa | nirbayèng tyas kawuron ing ajurit |  
ngamuk lan sawadyanipun | lir banthèng tawan brana | bala Gêdhah  
papilihan kathah lampus | Sang Prabu Sukma Nglêngkara |  
kêlangkung bramantyèng [bra...]

[...mantyèng] galih ||

23. mangsah gumrit ratanira | musthi capa prabawa kadya riris |  
kumrêcêk nibani mungsuh | wong Jênggala kèh pêjah | sêprandene  
tan ana kang sêdya mundur | Rahadèn Nila Prabôngsa | kotbuta saya  
krura ngrik ||

24. ngiwud dènira ayuda | ngiwa nêngên pagadanira[14] ngukih |  
ing kang pinêlêng ing kayun | namung Sang Rajèng Gêdhah | mêksih  
kathah baris kang mêtêti ngayun | radyan sinêrang prangira | ngisis  
wadya Gêdhahwilis ||

25. sêmana wus katingalan | sri narendra munggèng ing rata rukmi |  
Dyan Tohpati sukèng kalbu | sigra mêtêki rata | ponang kuda kusir  
miwah rohdhanipun | ginada jur ting palêsat | sang nata malumpat  
aglis ||

26. sakêlangkung dukanira | musthi capa pamungkasing ajurit | ran  
hru pratama kumutug | murub tikswaning braja | Dyan Tohpati  
sinipat pênajaniipun | warastra dibya lumêpas | kacundhuk Dyan  
Wonagiri ||

27. jajanira amalêsat | kentas têbih dhawah jawining baris | tan pasah  
usikanipun | sangking ampuhing braja | Dyan Tohpati kantaka dangu  
tan emut | tandya rinômpa ing wadya | binêktèng pakuwon aglis ||

28. mring wona Randhukumbala | wadya ing kang kantun nanggulang  
jurit | dyan wrin gustinya kêsambut | sêdya labuh pulih prang |  
kêtadhahan arame dènira pupuh | kêsapih latri sêmana | samya  
mundur ngêmu kingkin ||

## 12. Asmaradana

1. sang nata ing Gêdhahwilis | tan arsa mring pasanggrahan | dènira lêrêb dalune | namung mundur satêngah pal | sangking papaning aprang [a...] [...prang] | andadak pakuwonipun | kêng kimah binabar wiyar ||

2. motha myang lakên kinardi | mila Sri Sukma Nglêngkara | tan arsa mundur barise | yèn gêmpal manahing wadya | dene ing prang kuciwa | wong Gêdhah akathah lampus | kantong sêpalih kang gêsang ||

3. kang tan pêjah sami kanin | sawênèh wontên kang minggat | giris mulat pangamuke | Rahadèn Nila Prabôngsa | wantêr kagila-gila | tan wrin yèn lagi kêsambut | senapatining Jênggala ||

4. sang nata sêkêlnya malih | pêpatihira pralaya | lan kang wa Pawahi Rajèng | sami andêling ayuda | kantong Sri Jambi Raja | dawêg dhangan sakitipun | duk yuda rêmpu kang ôngga ||

5. karsanya Sri Gêdhahwilis | sadintên tan arsa aprang | arsa ngayumi balane | sukaning galih sang nata | dening Dyan Brajanata | lagya kêsambut ing pupuh | najan tan têkèng palastra ||

6. môngsa sarasa tumuli | ngandêl ampuhing sarawa | narpa pangarsa-arsane | mirisa Natèng Jênggala | amasrahna atmaja | Rêtna Jinali Sang Ayu | tan wrin putra sanèsira ||

7. kang dadya andêling jurit | langkung sangking Dyan Prabôngsa | kasudibyaning palugon | kunèng Sri Sukma Nglêngkara | kocap baris Jênggala | sami prihatin ing kalbu | Dyan Tohpati nandhang brana ||

8. nora ngapa ingkang kanin | mung bintul ingkang usika | nanging kêlangkung gêrahe | sakêdhap-kêdhap kantaka | sangking mandining capa | ireka sarêng sêdaluh | binêkta marang Jênggala ||

9. tinitihakên ing plangki | kang dhèrèk ing kundurira | namung kang rayi kalihe | Rahadèn Kuda Antunan | lawan Dyan Kuda Têpas | tansah karuna sangbagus | sarwi anyundhang ing raka ||

10. saunduring Dyan Tohpati | kang gumantyèn karyanira | madêg senapati warnèn | Rahadèn Kuda Gadhingan | sangking rêmbaging kathah | ing sadèrèngira katur | mring Sang Nêrpati Jênggala ||

11. yèn wontên prakara nuli | kinarya watoning rêmbag | sadèrèngira ginantos | wau Dyan Kuda Gadhingan | kêng karsa rêhing aprang | sadintên tan arsa pupuh | anglêrêbakên ing wadya ||

12. nèng Radhukumbala latri | tansah anggusthi ing yuda | lan pra niyaka sagunge | sêbyantu pirêmbagira | sêdya tadhah kewala | ngandêli bitinganipun | maryêm gêng tata pinasang ||

13. kunêng kang miranti baris | kocap Sri Dewa Kusuma | lagya pinarêk kédhaton | gya gusthi lan pramèswara | miwah sang rêsi kênya | dirèng pakramaning sunu | myang praptaning parangmuka ||

14. kêsarwau kang prapti | Rahadèn Nila Prabôngsa | kêng kanin sangking palugon | nèng plangki tansah jinagan | laju manjing têtatag | sang nata duk mirsa gugup | têdhak amêthuk ing putra ||

15. miwah sang dyah pramèswari | tènapi pandhita lara | sami kalara tangise | mring plangki mêrpêki samya | ngungun-ngungun sang nata | dening brana namung bintul | asangêt gêrahing putra ||

16. tansah grêng-gêrêng sang pêkik | anulya binayang mêdal | sangking ing jro pêlangkine | rayi kalih junjung ngandhap | nginggil rama sang nata | pinarnah ing jrambah sampun | kang ibu mêksih karuna ||

17. sêmana dèn usadani | dhatêng sang pandhita lara | rahadyan  
sênggang gêrahe | sakêdhap sagêd alênggah | nging mêksih jinaganan  
| lêjar tyasira sang prabu | gya miyos nimbali [nimba...] [...li] patya ||

18. tan adangu sampun prapti | sang nata gêpah ngandika | hèn patih  
mintara age | mring nêgara Pranaraga | warahên anakira | kaki putra  
Marabangun | ing awite dadi yuda ||

19. nglamar Ni Rêtna Jinali | ing mêngko kadange brana | kaki Panji  
Tohpatine | nglabuhi kadange kênya | ni putra yèn sêmbada | dèn  
rêbuta prajaniipun | kaya tan ana kang nôngga ||

20. yudane wong Gêdhahwilis | liyane Ki Rawisrêngga | kawarta  
luwih sêktine | nguni gon ingsun ngajokna | kakange Ki Prabôngsa |  
dening anyar kramaniipun | mênèk ana kang rubeda ||

21. putrèngsun Ki Wanèngpati | yèn takon Ki Brajanata | nora  
ngopoa kanine | malah tan têtês kang ôngga | nging bangêt laranira |  
baya sing ampuhe kang hru | nging mêngko pan mèh waluya ||

22. kancamu catur bupati | sakancane wong bumija | bantua marang  
palugon | andhèrèka putraningwang | dene kang ngrêksèng praja |  
ngamungna prajurit ingsun | lan Ki Wiranataarja ||

23. matur sandika kya patih | gya mêsat sing ngarsa nata | tan mawi  
mampir wismane | laju dhatêng Pranaraga | namung abdi sêdasa |  
sami kapalan sêdarum | gêgancangan lampahira ||

24. datan kawarna ing margi | praptèng dalêm kasatriyan | anuju sang  
sudibya nom | Rahadèn Gagakpêrnala | pinarak ing pëndhapa |  
amêpak kadeyanipun | dening wus miarsa warta ||

25. yèn wontên mêngsah gêng prapti | sangking nêgari ing Gêdhah |  
wus pinapag ing palugon | kang raka Dyan Brajanata | senapatining  
yuda | Radèn Panji Marabangun [Marabangu...] [...n] | tansah  
kewran ing wêrdaya ||



26. arsa tan nusul ing jurit | tan tega dhatêng ing raka | arsa bantu ing palugon | ajrih ing rama sang nata | yèn dede ingkang karsa | dadya sang narendra sunu | tansah miranti ing yuda ||

27. sakadeyanira sami | sumêkta saha kuswala | datan antara dhatênge | Dipati Kudanawarsa | kagêt kang para putra | Radèn Panji Marabangun | ki patih pinêthuk tandya ||

28. gya tata lênggahan malih | kya patih bukuh silanya | tandya wêcananira lon | dhawuhkên sêbdaning nata | nêlas ing aturira | dhatêng Radèn Marabangun | wêkasan sang rajaputra ||

29. sinrahan pakaryèng jurit | wau Radèn Rawisrêngga | duk wrin Sri Gêdhah ardane | nglamar kang rayi sang rêtna | lumawan bitutama | têmah kang raka kêsambut | Dyan Tohpati nandhang brana ||

30. langkung bramantyaning galih | prakampita arka maya | sumungsumung pêrnajane | miwah ingkang para dang[15] | sami amangku duka | tuwin Radèn Wukirsantun | sru kurdha datan girisa ||

### 13. Girisa

1. manguntar-untaring nala | Rahadèn Wukirkusuma | dening pêpacanganira | linamar Sang Natèng Gêdhah | kadya ge monah narendra | Sang Prabu Sukma Nglêngkara | mèsêm Radèn Narawôngsa | mulat Dyan Mlayakusuma ||

2. ki patih malih turira | nah anggèr Dyan Rawisrêngga | paduka binêktan wadya | kônca sêkawan bupatiya | sarèrèhanya bumija | matur nuwun rajaputra | Dipati Kudanawarsa | pamit mundur sing byantara ||

3. wau sang narendra putra | gya prentah budhalkên bala [ba...] [...la] | mèsat Dyan Jayamiruta | swarèng wadyabala kuswa | dhasar wus

sami mirantya | wadya gung ing Pranaraga | daut pangarsaning bala |  
wau Dyan Jayamiruta ||

4. kang dadya mênggalanira | anggêgut tandanging wadya | nulya  
Dyan Jayaandaga | sabala sami gambira | tandya Radèn Jayasena |  
sawadya apartisara | anracak wong Judhipatya | gêng luhur polèng  
kampuhnya ||

5. nulya Radèn Jayèngrana | saha bala sura-sara | tuhu radèn kang  
minôngka | kumêndhaning adilaga | anata lampahing wadya | tan  
manggèn ing pêrnahira | sru mulat bubrahing bala | nulya Dyan  
Wukirkusuma ||

6. lawan Dyan Sinompêrdapa | tan pisah sami nèng kuda | saprajurita  
tata | tandya wadya Jayèngastra | sèwu wahana turôngga | sikêpannya  
warna-warna | tri atus waos talêmpak | ngrangkêp pêdhang pastul  
tinggar ||

7. nulya wong Trunaasmara | pan sèwu dharat sêdaya | upêsir kang  
munggèng kuda | lurah myang wêdananira | saduman sikêp sênjata |  
buwis paston sumbunira | sikêp biring kang saduman | tri atus sikêp  
warastra ||

8. anulya ing tindakira | Jêng Radyan Gagakpêrnala | rêspati nitih  
turôngga | dhawuk pan agêm pusaka | kya dhalang antêban dibya |  
kinare wadya prawira | asri ingkang upacara | songsong gilap tunggul  
rêtna ||

9. Radèn Kuda Narawôngsa | tan pisah sami nèng kuda | arapêt  
wahananira | samarga mangun pisuka | Radèn Panji Rawisrêngga |  
lan ari Radèn Ngasrama | pamungkasing [pamungka...] [...sing]  
barisira | catur niyaka Jênggala ||

10. ing ênu datan kawarna | rawuh ing Randhukumbala | Rahadèn  
Gagakpêrnala | sawadyanira atata | Rahadèn Kuda Gadhingan |  
miwah para arinira | tuwin gung wadya Jênggala | duk rawuh Dyan  
Rawisrêngga ||

11. sami egaring wêrdaya | ngraos badhe numpang prangnya |  
pêrcayèng dibyaning yuda | Radèn Inokêrtapatya | langkung sing  
Dyan Brajanata | gêrgut kêng para prawira | najan tan nyaliranana |  
ing aprang sang rajaputra ||

12. ugêr jênêngi kewala | agêng manaha gung wadya | kunêng ing  
Randhukumbala | kocap Sri Sukma Nglêngkara | kêng ngayumi  
barisira | mêmulih tyasing kuswala | datan antara wus tata | anggêrgut  
gungirèng wadya ||

13. longing baris tan katara | dene giranging prawira | têkèng sikêp  
ngajap yuda | pracaya dibyaning narpa | jêr wus trang pawartanira |  
yèn senapatining Jawa | Rahadèn Nila Prabôngsa | lagya sangêt  
nandhang brana ||

14. sigra Sri Sukma Nglêngkara | parentah ngangsêg ing yuda |  
marang ing Randhukumbala | kang dadya cucuking yuda | Sang  
Prabu Lêmubirawa | wus arkat sariranira | pulih kasudiranira | ngeja  
pêpulihing yuda ||

15. wadya gung budhal sêksana | muntab pan kadi hêrnawa | sêdya  
nglanggar baris Jawa | mring têngal Randhukumbala | warnanên wong  
Pranaraga | daut sangking pênahira | sêdya anglantak wong Gêdhah |  
kang dadya mênggalèng laga ||

16. Rahadèn Jayamiruta | lan Radèn Kuda Gadhingan | sabala sami  
sudira | sumêdya ngantêp ing yuda | tan antara wong Jênggala | tanapi  
ingPranaraga | mulat barise wong Gêdhah | gya pinêlak lampahira ||

17. wadya Gêdhah duk tumingal | ngangsêg barising Jênggala |  
dinulu langkung gêngira | kaot lan kang wus kalakyan | lir samodra  
tanpa tirah | sarta amawi prabawa | singêr sênênging gunastra | kêng  
tejamaya ngambara ||

18. wong Gêdhah miris tyasira | rangu-rangu sru rêringa | dadya ririh lampahira | Sang Prabu Lêmbubirawa | mulat rêmbêna kêng wadya | bramantya datan sêrônta | majêng anglancang bala | gumulung para prawira ||

19. sumêdya nêmpuh ing yuda | mungsuh rowang barêng mara | sigra campuh padha sura | tinggar rug lir guntur arga | mariyêm lir bajrapaka | wor surak kagiri gora | barung têngara gurnita | kadi ngrubuhna akasa ||

20. mimis andrês pindha warsa | pêtêng mukswa ling kucika | mungsuh rowang long-linongan | kanin pêjah tan ingetang | dhêdhêl ngarsa wuri nunjang | tinggar pêjah caruk watang | gada nênggala kris pêdhang | kang aprang sêrang-sinêrang ||

21. wong Gêdhah kèlês katimpah | pulih-pulih kasulayah | dhasar karoban ing mêngsah | Sri Jambi bêndu manêngah | ngiwa nêngên nrêgkên bala | bola-bali mêksa sosrah | gya mangsah lan andêlira | wolung dasa padha sura ||

22. Rajêng Sambas Puntianak | balanya wus kathah pêjah | krodha sêdya ngantêp ing prang | lan andêlira wong dthomas | tan ana wong nêdya gêsang | mangamuk lir banthêng brana | cucuking prang wong Jênggala | Pranaraga karepotan ||

23. Sang Puntyanak Narendra[16] | nora pati yèn wantêra | nging ragi ampuh ing yuda | dêniraasugih donga | tuhu darbe paguronan | ngran Sang Tobrani Bêgawan | marma ing prang wirutama | sabala pêpuluh rampak ||

24. Rahadèn Jayamiruta | miwah Dyan Kuda Gadhingan | kêngkung bramantyanira | wadya kalindhing ing yuda | umangsah nglancang bala | sikêp waos dyan kalihnya | mangamuk lir saradula | kêngkung ramening yuda

25. kawarna Dyan Jayèngrana | manêngah mangsah ing laga | bêndu kêng cucuk kuciwa | rêspati sasolahira | lir sangsam ranggah mrih

yuda | nampir kunca ing wêrôngka | winingkis kampuh kêng kiwa |  
angering jêbêng pratistha ||

26. anganan curiga dibya | singa sinêrang gêlasah | Rahadèn  
Jayaandaga | nêmpuh sangking kering sura | mangsah dharat tilar  
bala | mangamuk lan suku asta | jêjêk nêndhang mancad pundhak |  
bêthot murda kapisanan ||

27. Rahadèn Kalang kawarna | nêmpuh sing kanan bêk krura |  
pinarbutan mêngsahira | tinon lir dirada mêta | mangamuk lan suku  
asta | dhenga kang dhinupak rêmak | jinêjak ajur wor kisma | nirbaya  
tan gumingsira ||

#### **14. Durma**

1. wadyanira wong Judhipati nusul prang | saya kiwul ing jurit |  
Radèn Jayasena | kawuron ing ayuda | anyandhak bangke turanggi |  
kinarya balang | miwah maryêm cinangking ||

2. pan kinarya mangamuk mupuh ing mêngsah | sosrah wong  
Gêdhahwilis | pra andêl kèh pêjah | êncik-êncik kêcandhak | lyan  
irung pisêk kasêbit | mata macuthat | ana bau kapalih ||

3. wontên êncik sajuga kêcandhak gêsang | kinarya amupuhi | cik  
Kêring ranira | wong Gêdhah saya bubrah | êncik Kêring jur ngêmasi  
| raja ing Sambas | lan Mêlayu Nêrpati [Nêrpa...] [...ti] ||

4. sarêng mangsah bëndu wadyanira sosrah | sikêp pêdhang sang  
kalih | Radèn Jayasena | kinaro ing ayuda | pinêdhang nora osik |  
raja kalihnya | cinandhak kanan kering ||

5. gya ingadu kumba sirah crah wus pêjah | wau Puntyanak Aji |  
kawuron ing yuda | pinapag Dyan Gadhingan | rame ujung jambiya  
kris | datan kuciwa | Lurah Cêkruk kawarni ||

6. nêngah ing prang bungah ngêbuti dandanan | mêngsah kang sami lalis | tènapi kêng brana | bikut nèthèli anggar | mulat kang rukêt ajurit | Radèn Gadhingan | lan Mraja Ibniyodin ||

7. wau Prabu Puntianak kathetheran | ginoco tan nêdhasi | nging kajêngkang-jêngkang | rumangkang karepotan | Radèn Gadhingan anitir | panudukira | Sang Prabu Ibniyodin ||

8. surbanira kasingsal pan kaleweran | kêthu malêsat têbih | Ki Cêkruk sukèng tyas | mulat gundhul malinas | gya nyandhak rêmukan bêdhil | Sri Puntianak | pinapor dhasnya titis ||

9. rah sumirat kapisanan wus pralaya | Sadulumur nèthèli | sapêlik tanpa mas | mung kêng cathok suwasa | lawan angandhut hêrlaji | sampun dèn alap | kawarna Rajèng Jambi ||

10. wus tandhing prang lan Radèn Jayaandaga | rame dènira jurit | sami rosanira | kèkèt kêng pupu jôngga | dhasok-dhinasok mrih titih | sêndhal-sinêndhal | cêngkah unghik-ingukih ||

11. Radèn Jayaandaga ambêk sarosa | Narendra Jambi kuntit | cinêngkah kalumah | sigra jaja ingidak | pinancad kêng pundhak kosik [ko...] [...sik] | murda pinêgat | kapisanan Sri Jambi ||

12. wadya Gêdhah mawut sasisaning pêjah | Sang Sukma Nglêngkara Ji | langku[17] dukanira | kêng wadya sirna gêm pang | kanton kêng abdi pinilih | mung kalih kupang | gya binêrêg pêpuluh ||

13. Prabu Sukma Nglêngkara munggèng turôngga | kamot kaprabon jurit | kang wadya sêliran | tan ana sêdya gêsang | wong jayêngastra ngêbyuki | rame kang yuda | wong Gêdhah mêksa klindhil ||

14. Sang Sri Sukma Nglêngkara musthi sarawa | prabawa kadya riris | wadya Pranaraga | Jênggala kagegeran | akathah tatu myang lalis | Dyan Rawisrêngga | dukanira tan sipi ||

15. musthi capa panulak bubul abaran | ngênèni panah sêkti | myang  
Dyan Narawôngsa | anglêpasi warastra | jêmparing prabawa ênting |  
Sang Rajèng Gêdhah | kodanan ing jêmparing ||

16. wangsulirèng sarawa sarêng katulak | ngênèni sri bupati | lan  
sabalannya | wong pinilih dwi kupang | sosrah kèh tatu myang lalis |  
sisaning pêjah | bubar wadya pinilih ||

17. Prabu Sukma Nglêngkara kesisan bala | siji tan ana urip | anglela  
nèng kuda | tansah kadrêsan capa | tênguh lawan kang turanggi | Dyan  
Wukirsêkar | mulat bêtèring galih ||

18. dhatêng Rajèng Gêdhah dènnya datan obah | kataman ing  
jêmparing | Dyan Prabatasêkar | pamit ngraka Sang Panjya | ingidèn  
umangsah jurit | wus munggèng kuda | ngêmbat watang kumitir ||

19. pra prawira Jênggala myang Pranaraga | nungkeb sing kanan  
kering | kinêpung Sri Gêdhah | mrihaywa wegya gagal | wong  
jayèngastru nututi | mêngsah kêng mlajar | pinlêcit ing turanggi ||

20. Iyan kêcandhak gêsang pan laju binonda | wênèh kêcandhak lalis  
| Sri Sukma Nglêngkara | kinêpung tan rêringa | byating tyas wus  
ngèsthi pati | atmajèng Daha | wus yun-ayunan jurit ||

21. lan Sri Gêdhah sang nata ngasta talêmpak | nêbda Dyan  
Wukirsari | lah ta baya sira | kang ran Sukma Nglêngkara | kang  
nglamar Sang Dyah Jinali | apa tan wruha | yèn Onêngan Sang Dèwi  
||

22. pan wis lawas gon ingsun magangi sang dyah | sira sru mêjanani |  
mêngko rasakèna | wus gusis wadyanira | yèn kênoa sri bupati | angur  
nututa | eman mênawa mati ||

23. warnanira bagus pan mêksih taruna | ngabdia mring rama ji |  
pêsthi dadi sira | litnan kolnèl tamtama | besuk sun suwunkên putri |  
darahing nata | mung aja Dyah Jinali ||

24. sira suwun amêsthi ingsun tan suka | sang nata bêndu myarsi |  
dirèng wuwusira | Radèn Wukirkusuma | akras ngandika sang aji |  
ywa kakyan ujar | ingsun tan nêdya urip ||

25. wus jamake ratu anglabuhi bala | wadyaningsun sirnanting |  
merang sun uripa | yèn putri ing Jênggala | nora kagarwa mring mami  
| angur matia | nora dêdawa warti ||

26. Radèn Wukirkusuma langkung bramantya | gêgêt waja netyandik  
| lawungnya dèn ikal | sang nata linarihan | prayitna Sri Gêdhah  
tangkis | lawung ginêbang | dadya rame ajurit ||

27. gènti watang-winatang gêbang-ginêbang | tan ana kêng kasliring |  
sami prawiranya | najan amrananana | mring ôngga tan ana busik |  
sami nèng kuda | wasis molah turanggi [turang...] [...gi]

28. dangu yuda tan ana ingkang kuciwa | tandya Radèn Sêsimping |  
ngrapakèn turôngga | ngêmbat watang pratama | Rajèng Gêdhah dèn  
kalihi | kewraning yuda | sang nata ambêk pati ||

29. Radèn Sinompêrdapa pinêlêng ing tyas | linantaran ing biring |  
kêng waos ginêbang | Dyan Wukirsari numbak | sing kering kanggêk  
sang aji | Dyan Lêmpungkaras | sangking kanan nglarihi ||

30. lambungira Sri Gêdhah pan kawatgata | prana rahira mijil | kêng  
jaringan mêdal | sang nata mêksih sura | usus sinampir ing kêris |  
nging astanira | gumêtêr sri bupati ||

31. waos rêntah sêdya anarik curiga | Rahadèn Wukirsari | sing  
kering manumbak | jaja trus ing walikat | tan tahan Sri Gêdhahwilis |  
dhawah sing kuda | nèng kisma angêmasi ||



32. kuda bêdhal nulya rinampog ing kathah | wau Dyan Wukirsari |  
têdhak sing turôngga | Prabu Sukma Nglêngkara | tinigas murdanya  
titis | surak gung wadya | enggar sri nata lalis ||

## 15. Sinom

1. sukèng tyas kang mênang yuda | wadya ing Jênggalamanik | tènapi  
ing Pranaraga | sami bêbandhang brana di | miwah astraning jurit |  
wong jayèngastra kang ngêlud | mêngsah ingkang lumajar | sêdaya  
pan sampun prapti | anèng ngarsanira Radèn Rawisrêngga ||

2. kang sami kêcandhak gêsang | wadyabala Gêdhahwilis | kawan  
atus wus binônnda | para prawira pra êncik | liya kang nutut sami |  
bablas minggah mring pèrau | sawênèh ngungsi wona | liyan namur  
dadya wong Jawi | rajaputra gya nimbali pra kadeyan ||

3. tan antara sami prapta | kubêng ngarsaning Dyan Panji | andangu  
kraharjanira [krahar...] [...janira] | sêdaya kang mêngtas jurit | matur  
Radèn Pêrmadi | pan wus dèn rolis sêdarum | para kadang kadeyan |  
bupatya tan ana cicir | mung prajurit lan mantri pêjah sawidak ||

4. tri atus kang sami brana | sokur ing driya Dyan Panji | sangking  
pangrêksaning dewa | anjurung ungguling jurit | ya ta ngandika  
manis | Radèn Panji Marabangun | dhatêng Radèn Gadhingan |  
kakang muliha dèn aglis | umatura mring rama Prabu Jênggala ||

5. ing sasaniskarèng yuda | sira pan wêruh pribadi | têlukan prajurit  
Gêdhah | saosna rama sang aji | sun nuwun apuntên sih | banjur mulih  
bae ingsun | nora seba sang nata | Radèn Gadhingan mastuti |  
narpaputra parentah budhalkên bala ||

6. kundur dhatêng kasatriyan | gya daud saguning dasih | kadya duk  
ing angkatira | sowang-sowangan kêng baris | Dyan Gadhingan

sêdasih | bala ing Jênggala kumpul | budhal malbèng nêgara | tan kari  
wong Gêdhahwilis | kawan atus pan têksih sami binêsta ||

7. datan kawarna ing marga | prapta sajroning nêgari | Rahadèn Kuda  
Gadhingan | tènapi kang para ari | tuwin sagung bupati | myang  
wadyabala sêdarum | orêg nagri Jênggala | samyenggar unggul ing  
jurit | kang ngêntasi ing karya Dyan Rawisrêngga ||

8. wus katur ing sri narendra | dhatêngnya kang mêngtas jurit |  
Rahadèn Kuda Gadhingan | miwah ingkang para ari | tuwin sagung  
bupati | tandya ngandikan sêdarum | kang anèng ngarsa nata |  
Rahadèn Panji Tohpati | pan wus dhangang dènira grah nandhang  
brana ||

9. miwah Kya Kudanawarsa | wau ingkang mêngtas jurit | nulya sami  
ngaras pada | sêlur majêng gênti-gênti | wusiratata sami | Dyan Kuda  
Gadhingan matur | ing rama sri narendra | pukulun sri narapati | putra  
dalêm nah anggèr Dyan Rawisrêngga ||

10. nuwun duka sri narendra | tan mawi sowan ngrama ji | pan laju  
kundur kewala | akathah karya ing wuri | dening prakawis jurit |  
sangkang idi sang aprabu | mêngsah wus sirna gêm pang | pun Sukma  
Nglêngkara Aji | wus pralaya laju tinigas kêng murda ||

11. pêjahira Natèng Gêdhah | ing yuda dipun kalihi | pun yayi  
Sinompêrdapa | lan yayi mas Wukirsari | wong Gêdhah kêng katali |  
kathahira kawan atus | sumôngga karsa nata | sang narpa ngandika  
manis | hèh Gadhingan kabèhe ingsun tarima ||

12. dene bêbandan wong Gêdhah | lah padha tarinên sami | kêlamun  
anêdya gêsang | kabèh sun apura yêkti | namung sun mundhut kêdhik  
| kabèh kasraha nak ingsun | sêtun satus kèhira | kakangira Ki Tohpati  
| paringana jêr padhantuk karyanira ||

13. sandika kang sinung sêbda | ngandika malih sang aji | hèh Patih  
Kudanawarsa | wadya gung ganjarên sami | pêpangkatirèng kardi |

wadya kang padha kêsambut | ing aprang gêtènana | kadang utawa kang siwi | sapantêse miwah ingkang nandhang brana ||

14. padha sira opènana | pangan myang tambaning jalmi | kabèh iku wajib ingwang | nêmbah sandika kya patih | gya luwaran sang aji | kyana patih mèdal sampun | miwah Dyan Brajanata | tènapi sagung sumiwi | wadya Gêdhah sêmana wus linuwaran ||

15. kang pinundhut mring narendra | mung wong pitung dasa êncik | lawan mantri tigang dasa | pinatah-patah kêng kardi | ana kinaryakoki | wênèh kinarya pênatu | ana dadya musikan | liyan dadya wong mênjait | mantrinira pan kinarya juru dagang ||

16. Rahadèn Nila Prabôngsa | satus bageaning jalmi | kêng kalih atus wong Gêdhah | mring Dyan Panji Wanèngpati | ya ta wau kawarni | Radèn Putra Marabangun | kundur sangking payudan | sakadeyanira ngiring | pra prajurit laju mantuk sowang-sowang ||

17. dene kang para kadeyan | dèrèng wontên bubar sami | laju marang pêkajangan | wau sang narendra siwi | kundur ing dalêm nuli | pinêthuk mring garwanipun | Sang Dyah Côndrakirana | myang Sang Dyah Rêtna Jinali | atênapi kang para sêlir biyada ||

18. cundhuk anèng ing taratag | Dyah Galuh laju mijilki[18] | dirèng padanirèng raka | dyan putra sarèng ningali | kang rayi sang dyah ragil | kraos ing driya kumênjut | dening dadya lampahan | ingêlus bune kang rayi | rajaputra laju lênggah ing jêrambah ||

19. nahan ing kala sêmana | Radèn Inokêrtapati | mêksa tan marêm ing driya | ningali Dyah Sêkartaji | ing galih tansah nganti | ruwatira sang rêtna yu | lir nganti timbulira | watu itêm nèng jro warih | sang kusuma lami tan kapadhan karsa ||

20. dening raka manggung ewa | tan pupug raosing galih | cuwêngah asmaranira | marêming Dyah Sêkartaji | lamun ngangkat aguling |

kalingling lèlatèng lulut | kadibyanirèng raka | panyiptèng  
asmaragami | wungu nendra sang dyah rêtna kudandapan ||

21. dening Dyan Panji tan ana | têrkadhang nimbali sêlir | kang asring  
lênggah nèng jaba | lan Dyan Wasi Jayèngrêsmi | tan kening pisah  
kêdhik | wau sang narendra sunu | lawan Dyan Narawôngsa [Nara...]  
[...wôngsa] | tansah manguswèng pudya sih | runtang-runtung lir  
mimi saparanira ||

22. Rahadèn Gagakpêrnala | wau ing sansaya lami | kraos onênging  
asmara | mring garwa Dyah Sêkartaji | kang jinêmpana ngangin |  
mêksa tan marêm ing kalbu | dhatêng kang mindha warna | tan lyan  
paraning wiyadi | dhatêng ingkang rayi Radèn Narawôngsa ||

23. tan kadya mulat ing priya | lir kagiwang asmarèstri | kewran mrih  
têlênging tilam | dadya manggung manguswèng sih | sih titising  
mêmanis | manrus kongasing pudya kung | kungkal ing kalênglêngan  
| sêtun pambukèng brôngta sih | namur guwya sarya ngras  
angrangkul madya ||

24. Radèn Kuda Narawôngsa | yèn raka dyan Kêrtapati | kaduk  
panrêging asmara | sru duka laju ngewani | risang narendra siwi |  
kêlangkung pangrêpanipun | minta-minta apsama | lêjar Radèn  
Jayèngrêsmi | dening sampun kêpapan janjining sobat ||

25. Kusuma Côndrakirana | tansah nginjên nitik-nitik | sasolahira  
kang raka | yèn nuju rukêt pawor sih | sang dyah nèng dalêm anjrit |  
gêgulungan nèng bêbatur | gêra-gêro karuna | lir sapi kelangan siwi |  
sru sêsambat tan kêpadhan kanthinira ||

## 16. Kinanthi

1. pamanglahira sang ayu | dhu lae paran wak mami | wus lawas gon  
ingsun panggya | lan Jêng Peran Wanèngpati | yêkti nora ganêp rong  
jam | nèng dalêm lênggah lan mami ||

2. sênajan sare yèn dalu | kaya tan pupug ing rêsmi | baya dèn sirêpi  
ingwang | tan wruh pamarnèng pudya sih | sabên ingsun tangi nendra  
| katêmu lênggah ing jawi ||

3. gêgujêngan nutug-nutug | lan kamrate Jayèngrêsmi | sabên dina  
rêrangkulan | iku [i...] [...ku] pratingkah punapi | padha lanang tan  
pêsaja | akaku rasaning ati ||

4. Lahadèn Si Wukirsantun | lawan Si Rêtna Jinali | karone milu  
Jênggala | sakêrsane kangmas Panji | dhasar padha asih trêсна | mring  
Si Kuda Jayèngrêsmi ||

5. mring ingsun padha tan sarju | nora ngêthukkên si wasi | Kangjêng  
Peran Rawisrêngga | iya padha dèn prantèni | klangênan kênya  
dhêlikan | iku pamrihe punapi ||

6. mula peran kakang brangus | mring sun saya doh ing galih |  
kadange kang amrih rênggang | padha sêngit marang mami | apabaya  
dosaningwang | sarwi gra-gêro sang dèwi ||

7. Dyan Jayèngrêsmi sang bagus | mirsa tangise sang dèwi | èsmu  
lingsêm ing wêrdaya | ngandika dhatêng Dyan Panji | hêh kasatriyan  
rungokna | bojomu angot ngrak-ngêrik ||

8. tulungên si gajah abuh | saru rinungu ing jalmi | rusak wanguning  
satriya | yèn garwa amurang niti | Rahadèn Gagakpêrnala | malêbêt  
ing dalêm aglis ||

9. sang kusuma dèn lêlipur | ya ta lêjaring kang galih | warnanên dalu  
sêmana | Radèn Inowanèngpati | arsa klangênan ringgitan | Rahadèn  
Kuda Sasimping ||

10. kinèn angringgit sang bagus | gêdhog sêksana wus nyimping |  
kêlir balencong pinasang | dhasare anyar kang ringgit | mubyar kang  
sungging prêdapa | sêmbada wangunnya luwih ||

11. Ki Sogèn lawan Ki Cêkruk | kang sami ngladosi Siping | gamêlan sampun tinata | kang sami nabuh ing gëndhing | sagunging para kadayan | myang pra wêdana pangarsi ||

12. kang ngrêbab Dyan Wukirsantun | angêndhang Radèn Pêrmadi | Dyan Jayamiruta bonang | panrus Dyan Andaga nênggih | anabuh barung ing bonang | kang êgong Dyan Jayèngpati ||

13. kêng nyaron gambang nyalêmpung | lukat ngêthuk ngênongi[19] | ajangkêp para wêdana | Radèn Wasi Jayèngrêsmi | tansah nêng wurining dhalang | Rahadèn Panji Sêsimping ||

14. Radèn Panji Marabangun | ningali nêng lèbêt kêlir | lan garwa asêsarean | Kusuma Rêtna Jinali | miwah sagunging para dyah | samyatap cakêt kang kêlir ||

15. wau rahadèn kumêndhung | Sêsimping Panji Dhadhari | sêksana lêkas amayang | sasolahira mantêsi | dhasar bagus warnanira | bêsus sêmbada sung brangti ||

16. ingoglèngakên kang dhuwung | anampir kunca rêspati | munya sri ingkang mêrdôngga | kang nabuh sami winasis | aririh padha kêrasa | anganyut-anyut kapyarsi ||

17. kang mulat jêjêl supênuh | samya kayungyun ing ati | dhêdhalang wasis ukara | kêng panjak apêkik-pêkik | lakoning rigit[20] winêdhar | mungêl walgita maarti ||

18. Panji Anom kalanipun | ngawula mring Pranaragi | risang panji kasatriyan | ambêdhah nêgara Bali | nyabrang ing sêgara rupak | mênang dènira ajurit ||

19. angsal dirada gêng luhur | pêthak sratinira putri | aran Sang Dyah Dèwi Saga | undurnya prapta ing margi | Dyan Sinom kinaniaya | dening Panji Pranaragi ||

20. cinidra pinrih kêng lampus | karuna lintang kaswasih |  
sêsambatira lir grantang | wêlas sagung kang ningali | pamayangira  
rahadyan | tanduk pêsaja mantêsi ||

21. Dyan Jayèngrêsmi sang bagus | mèsêm sêbdanira manis | hèn  
yayi Sinompradapa | wus bêcik dènira ngringgit | nanging kêdhik  
pamrihira | tan ana raras pinirit ||

22. sêpi wanguning pasêmun | utamanira wong ngringgit | ing lakon  
mamingana | wêktu wahyaning dumadi | tan kêmba dinêlêng kathah  
|lah mundura Panji Simping ||

23. sun gêtèni pamayangmu | anulya mundur Dyan Panji | wus  
majêng Dyan Narawôngsa | amanggung ngarsaning kêlir | rêspati  
sasolahira | ngoglèng curiga mantêsi ||

24. tinêtêpakên kang kuluk | mênggêp kang kunca sinampir |  
salewanira sung brôngta | dhasare bagus kang warni | lênglêng  
saguning tumingal | ya ta wus salin kang gêndhing ||

25. angrangin asri milêt kung | Ki Cêkruk ingkang nyindhèni | lawan  
Ki Menak Prasônta | sêksana lêkas angringgit | Radèn Wasi  
Narawôngsa | mêdhar carita pamirit ||

26. amunggêl lèlakonipun | kala Panji Pranaragi | suwita mring  
Bauwarna | kanggêp ing sri narapati | tinriman putraning nata | wasta  
Sang Dyah Wadalwêrdi ||

27. kang warna kêlangkung saru | kadya lègêr dèn paèsi | sêmbada  
ngèyèl mring priya | angayok murwa ing rêsmi | kakung pinangku  
ingaras | dadya priyanira sêdhik

28. langkung kuciwa ing sêmu | tan lamak ing palakrami | dening  
Dyah Côndrakirana | lagya anamurkula lit | ngawula anèng Jênggala |  
anglampahi kawlasasih ||

29. ngungun kang sami andulu | dènira ngringgit dyan wasi | Radèn Panji dhawuh marma | miyarsa mèsêm ing galih | lir ginugah onêngira | mring garwa kang mukswèng latri ||

30. kang mindha warna sang ayu | kalangkung dènira runtik | miyarsa dènnya carita | Radèn Wasi Jayèngrêsmi | asru dènira ngandika | iku wong mayang pênyakit ||

31. datan apantês rinungu | sasuwene mamiringi | kaya satru kabuyutan | iya marang awak mami | kadang-kadang wong ing arga | tan wruh tataning prayayi ||32. dèn ugung mring kakang brangus | gêdhe atine si kirik | mring ingsun saya suwiyah | calunthangan anyênyêngit | kadar wong kumbah kêrakah | tan karuan kang sasiwi ||

33. dèn ugung marang wong agung | saya mênyunyang si baring | lah uwis aja amayang | bêcik si yayi Sêsimping | dadak gêntèni andhalang | Dyan Rawisrêngga ngrêpa sih ||

34. dhuh mas mirah jiwaningsun | mindêla aja aruntik | mring si yayi Narawôngsa | mung ingsun dêlêngên yayi | jimat mundrine pun kakang | sêsotyaning tilamsari ||

35. kang nukmèng purnama santun | ratu-ratuning mêmanis | wau Radèn Narawôngsa | miyarsa sang dyah aruntik | saya bêtèring wêrdaya | sêbdanira sru dyan wasi ||

36. lah nêpsu si gajah abuh | anyrêngêni wong angringgit | pêrdulèn si warak kawak | hèn kasatriyan dèn bêcik | gonira ngrêksèng dirada | mêtâ mêngko ngobrak-abrik ||

37. kurang nyamlêng pangungrummu | rungunên ingsun warahi | jimat kêmate pun kakang | kêkesedaning jinêm-mrik | kang nukmèng sasi grahana | ratuning kêkator najis ||

38. pêngawak lègêr winangun | bènthing ngrêca ngrandhu gunting | amêngkik-mêngkik lir warak | èsême lir bratawali | sudine kang nusonana | parikudu ngasmara di ||



## 17. Asmaradana

1. Sang Kusuma Sêkartaji | saya sangêt runtikira | karuna sru gêra-gêro | tansah linipur ing raka | ngungun sagung miarsa | sêmana Ki Sadulumur | tansah ngacuwis carita ||

2. Ki Sogèng kang dèn kandhani | mangkana ing wuwusira | lah ingsun tuturi Dhayok | nguni jênate si bapa | reyang nonton wong mayang | Patrakuwal aranipun | amayang ing Pawêdhusan ||3. aku Dhayok aningali | pêksaningsun arsa berag | ikêt kopyah nora duwe | gundhulku cinukur anyar | têka duwe karenah | sirahku sun wèhi apu | rinekaa kêkopyahan ||

4. ing dhuwur sun wèhi jait | rineka tarak limalas | anadene nyênnyamate | iya kunir kang sun karya | ana ngunyêng-unyêngan | wêtara ana sajumput | ing ancur wus kaya êmas ||

5. sarta damar ingsun sandhing | gon ingsun linggih nèng têngah | reyang sambu mangan tape | sêkathahe wong wayangan | kapengin nyamat ingwang | baya ingaran mas tuhu | sinêbrot kukuh kêng nyamat ||

6. dening ancur lèngkèt luwih | wêkasan gundhul ngalinyam | wêtara ana sabêton | aku Dhayok galimpangan | nangis angaru-ara | gègèr wong kang andêdulu | dene wong anyêbrot nyamat ||

7. gumuyu sagung miarsi | kandhane Ki Lurah Bancak | pra kadeyan suka kabèh | wau Radèn Narawôngsa | mêksih dènira mayang | lêlagon kêng swara arum | nêpangi rarasing kôndha ||

8. Rahadèn Panji Sasimping | kang sami dadya tontonan | dènnya bêsus panylêmpunge | dhasar bagus gawe brôngta | mirib dhêdhalangira | rahadèn wasi sang bagus | mangkana wangsalanira ||

9. gayung sumur sun arani | lumbung alit jroning wisma | padha dèn prayitna rèhe | akèh rêmbêng ngimba-imba | salam sabrang upama | kêrangeyan nèng têngal gung | sun anti pangrasanira ||

10. lah iya Rahadèn Panji | gong alit ing pawayangan | muga kinumpulna tèmbe | prakutut gung saupama | parikan dadol gula | ywa lali sira wong agung | kasatriyan aku sapa ||

11. Kusumayu Sêkartaji [Sê...] [...kartaji] | tan pêngat dènya karuna | kadi gulamit sasote | asu gunung kurang ajar | daluya nora tata | tan wis-wis panyêngèsipun | ladak saya ngicak-icak ||

12. kaya maru marang mami | margane yèn mêngkonoa | jêng peran kang ngugung wite | sakarêpe tinurutan | tur angsring kakêlonan | mulane saya dalurung | marang sun sawiyah-wiyah ||

13. wau Radèn Kêrtapati | sang dyah tansah rinarêpa | tandya masang sasirêpe | pinrih enggala anendra | Sang Dyah Côndrakirana | gya sare sang kusuma yu | kenging ing pangaribawa ||

14. gêluran ngarok sang dèwi | lir maesa pinaragad | radyan saya ewa tyase | dhatêng ingkang mindha warna | nguni kolur ing driya | sawêtara wlas andulu | tuhu sing godha rêncana ||

15. sêbdaning Ywang Durga Dèwi | miwah saliring sumbaga | pasah magoyang driyarjèng | lan ajrih ing sudarmendra | manganti ruwatira | lami yungyunên sang bagus | tan ana wusananira ||

16. tan liyan paraning trêсна sih | dhatêng Radèn Narawôngsa | kasuksmèng cipta langêne | kadya mring kang lagya murca | kusuma di ing Daha | cawêngah kang warna kakung | kewran panujwèng asmara ||

17. sêdangunira ningali | dènira marnèng carita | Dyan Kuda Jayèngrêsmine | wau Radèn Rawisrêngga | saya kraos ing driya | rêncana ingkang nalimur | sarêng kang mindha wusendra ||

18. tédhak sing paprêman aglis | mêrpêki dènira mayang | Dyan Wasi Narawangane | ingoyag kakêlirira | radyan sarwi ngandika | yayi wasi dèn agupuh | wêtokna Kirananira ||

19. kagèt Radèn Jayèngrêsmi | ingoyag-oyag kêlirnya | dyan wasi sêndhu dêlinge | lah sapa nregoni mayang | ing mêngko kêpradangan | katiban curiganingsun [curi...] [...ganingsun] | ampuh mêngko babarpisan ||

20. dyan putra ngandika malih | yayi iya jênêng ingwang | kudu yun wruh Kiranane | yayi age wêtokêna | manirarsa uninga | dyan wasi ngandika arum | lah Panji tangèh wêdalnya ||

21. tandya Radèn Kêrtapati | miyos mring jawi wêrana | cêlak andhêsêk lênggahe | kang rayi Dyan Narawôngsa | pinidih wêntisira | cinêpêngkên astanipun | ing ringgit sarwi ngandika ||

22. payo wêtokêna nuli | lah yayi Kirananira | sun arsa wêruh babare | ngandika Radyan Ngasrama | hêh Panji dhawuh marma | ywa nregoni wong amanggung | lungguh aja dhadhêsêkan ||

23. ing mêngko sun pêrang kêris | sira mati kapisanan | mendah bojomu tangise | kaya gajah kaluwenan | kang mindha bêdhawangan | yèn takon Kirananingsun | yêkti tangèh wêtunira ||

24. najan sun mayang rong sasi | pèsthi nora mêdal-mêdal | yèn durung têng masane | wêtune Kirananingwang | yèn Jênggala wus arja | ngandika Dyan Marabangun | lah ta yayi Narawôngsa ||

25. saikine ana ngêndi | adhi mas Kirananira | arsa sun susul yêktine | tan bêtah sun pisah lawas | nganti-anti wirayat | ruwate kang aran Galuh | tan ana wusananira ||

26. ngandika Dyan Jayèngrêsmi | kasatriyan apa nyata | sira gêng trêсна sang sinom | Kusuma Cōndrakirana | kang piningit mring dewa | nêbda Radèn Marabangun | lah adhi mas pindho karya ||

27. tumêkoa lara pati | yayi gon ingsun ngupaya | anggêr karuan jujuge | sayêktine ingsun larah | najan anèng tlak naga | jimat manira sun ruruh | ngandika Dyan Narawôngsa ||

28. nyata mantêp Wanèngpati | hèn kasatriyan wruhanta | wus [wu...] [...] adoh Kirananingong | anèng luhuring ngakasa | pamingit ing jawata | kêng kaping pat langit iku | jajahan lakuning cōndra ||

29. awor lawan widadari | kang padha mêmajang wulan | rajaputra andikane | yayi wus ingsun talika | sangking pamuja mōntra | sêpi tan ana kadulu | adhi mas Kirananira ||

30. ngandika malih dyan wasi | kêlamun wus nora nana | ngalih langit ping pitune | jajahan lakuning surya | kayanganing jawata | yèn wus tan ana ing ngriku | banjur mring junggringsêlaka ||

31. pakujati parewarni | ngayunan Ywang Girinata | upama tan ana kono | banjur mring sasoringaras | goning Sukma Kawêkas | ngandika sang narpasunu | yayi kabèh wus sun jajah ||

32. amêksa nora kêpanggih | nêbda Radèn Narawôngsa | bali mring marcapadane | hèn Panji Kirananingwang | nukmèng pangrasanira | ngandika Dyan Marabangun | yayi mas pangrasaningwang ||

33. Kusumayu Sêkartaji | nukma ing dhalang myang wayang | kudu sira ariningong | kang yogya ngruwat cintraka | nirèng Cōndrakirana | dyan wasi kewran ing kalbu | binêtahakèn ing raka ||

34. pangandikanira manis | lah ta iya kasatriyan | ing mêngko ingsun ruwate | bojomu Cōndrakirana | kang kaya gajah bōngka | dèn pèpak sêsajènipun | kawijil sarating sêbda ||

## 18. Mijil

1. duk sêmana kang wanci wus enjing | mega bang sumarot | radèn wasi kèndêl pamayange | laju kundur dhatêng dalêm alit | Dyah Rêtna Jinali | kang mêthuk sang bagus ||

2. wau Radèn Panji Kêrtapati | kundur dhatêng gêdhong | Dyan Prabata kusuma kang dhèrèk | atanapi parêpat kêkalih | tan arsa umanjing | dhatêng dalêm agung ||

3. pra kadeyan wus bubarane sami | sowangan makuwon | kawarnaa Dyan Jayèngrêsmine | ingkang kundur lan Sang Dyah Jinali | laju sami guling | pranya sang ayu[21] ||

4. dhatêng ingkang raka radèn wasi | gêng trêsnaning batos | nguni tuhu kêlangkung lulute | dhatêng kangbok Sang Dyah Sêkartaji | sarêng salin warni | ewanira langkung ||

5. dadya trêsnanira mring dyan wasi | tan raos-rumaos | tan rêringa lir kadang jatine | dhasar sang dyah pan dèrèng birai | sêmana aguling | atunggil sakasur ||

6. Dyah Onêngan wus kêpati guling | dhasare alembon | pan kalungsèn wus enjing wancine | jam sêkawan langkung pitung mênit | Radèn Jayèngrêsmi | tan eca aturu ||

7. tansah kêgagas rujiting galih | èsthinirèng batos | hèn jawata kang marnèng titahe | paranbaya ing lèlakon mami | lamun sun turuti | ngrucat warna kakung ||

8. anèng nagri ing Jènggalamanik | mandah wirang ingong | ingsun tèmah tumèkèng patine | katon tèmèn rarêbutan laki | dening Radèn Panji | wus darbe garwa yu ||

9. lamun ora ambabara mami | tanpa wêkasing don | yèn muliha marang Kadhirine | iya misih andêdawa warti | gègawa sudarmi | ing kanisthanipun ||

10. bêcik ingsun marang Bauwarni | marêk paman katong | tambuh  
têmbe ing kawêkasane | môngsa barong pamarnèng dewa di | hèh  
Rêtna Jinali | karia riningsun ||

11. mung lembone kang nora marèni | alit têkèng tuwuh | dèn abisa  
ngladèni kadange | kangjêng pangeran kantuna mukti | ngong pamit  
ngêmasi | kesah andon nglangut ||

12. wau Radèn Wasi Jasèngrêsmi[22] |têdhak sing jinêm-ron |  
kapingrangu kêrantan trêsnane | dhatêng rayi Dyah Rêtna Jinali | tinilar  
aguling | kalingling tyas trênyuh ||

13. tandya sang dyah dèn apit gêguling | sasingêb winaon | radyan  
laju miyos butulane | lir dinulur tan ana kang uning | kêng wanci  
sayènjing | jam gangsal anuju ||

14. sata kaluruk piniarsa sri | kang wulan angayom | riyêm-riyêm  
sumilak padhange | radèn wasi kagagas ing galih | pamêgating kang  
sih | kathah kang kaetung ||

15. dhatêng rayi Radèn Wukirsari | myang ragil sang sinom | miwah  
dhatêng Dyan Rawisrênggane | rangu-rangu wirang kari ringgit |  
dadya radèn wasi | amijil ingkang luh ||

16. tibèng sêsalang lantaran pipi | ingusapan alon | buntaring kunca  
laju lampaha | sarwi ngrimong kuncanira kering | tinon kawlasasih |  
tindakira rawuh ||

17. ing ujwana ararywan dyan wasi | têpining tlaga gon |  
sangandhaping kang nagasarine | duk sêmana ywang arka wus mijil |  
sri rênggèng ujwani | papêthetan turut ||

18. sêdhêng môngsa kang woh sinang asri | taru-taru ngayom | sêkar-  
sêkar angambar gandane | kumbang darpa mrih wêdharing sari |  
kumênjut dyan wasi | myat rêsmiyèng jwana rum ||

19. ketang langên pudyasmarèng laki | duk nèng sawargandon | kala mêksih Wisnu lawan Srine | anèng kayangan Ngutaratasik | mong wibawèng rêsmi | rêsmyarjèng jwana rum ||

20. lir sumaput ing galih dyan wasi | kabyatan onèng wor | merang-merang sêmana rahadèn | nglokro sagung ingkang busana di | wus karsèng dewa di | babar warnanipun ||

21. pan waluya atêmahan jati | jatining sang sinom | tuhu Sang Dyah Côndrakirane | manik sêsotya [sêso...] [...tya] putri Kadhiri | guruning pawèstri | iya Sang Dyah Galuh ||

22. ngupoyoa sajabat tan olih | kang kadi sang sinom | dhasar ayu-ayu sawantahe | tan kaworan wiraga myang dhêsthi | trusing susela di | adining wong ayu ||

23. pra apsari pantês anyênnyèthi | mring sang kadi sinom | tangèh lamun winarnèng kandhane | citranira Sang Dyah Sêkartaji | dhasar sang rêtna di | sinihan dewa gung ||

24. dènnya lukar kang busana sami | sang dyah tan kêraos | lir tinata marang juwatane | myang salinnya sumbaganing putri | sang rêtna tan uning | kuwasèng dewa gung ||

25. tuhu busana sangking sawargi | sinjang miwah kampoh | myang paningsêt cindhe puspitane | êmêrlulut cinitrèng rêtna di | ukêl amantêsi | kinancing hêrlaut ||

26. rumbing agantya sêngkang rêtna di | sênsaya yu kaot | sang dyah ngrasuk busanèng swargane | dene ingkang busana priya di | tumpuk dadya siji | clona kampuh kuluk ||

27. amangsuli kandhanira nguni | mila sang lir sinom | warna kakung wit sangking murahe | ywang jawata sinrang ing pamuji | Sang Dyah Wadalwêrdi | kang puja jinurung ||

28. sangking sangêt kêsmaraning galih | mring Dyan Panji Ino- |  
kêrtapati Ywang Durga mong rèhe | dadya Sang Ywang Nêrada  
nuruni | Sang Dyah Sêkartaji | sêkala binanjut ||

29. pinudya warna satriya sigit | pinarnah ingkang gon | ing aldaka  
Jênggala tlatahe | mrih ywa klajêng cobaning Dyan Panji | de Dyah  
Wadalwêrdi | mila-milanipun ||

30. putrinira natèng Bauwarni | duk nandhang wirangrong | nulya  
kesah sêparan-parane | sêdya ngupaya guna pêngasih | sêmana [sê...]  
[...mana] pinanggih | mring Jagal mèt sunu ||

31. Ki Karungbang kêlangkung asugih | dunyane tanpa gon | asor  
Nyai Ronamênggalane | gêng sêsarat mring Blarong mrih sugih | Ki  
Jagal ngrajongi | dhatêng sutanipun ||

32. dènnya kêsmaran mring Radèn Panji | tan ngeman brana grong |  
mèt sêrana wong guna bisane | sinêpuhan mring Ywang Durga Dèwi  
| kêlampahan ugi | kanggêp Sang Dyah Galuh ||

33. mangkya dugi ubayaning pêsthi | wêkasing lêlakon | mung  
sêmono rêncana pasahe | wau Sang Dyah Rêtna Sêkartaji | nulya  
anênullis | ing pandhan ronipun ||

34. pan sinêrat ing kênaaka lungid | kang sastra awados | sandi  
sancaya nênggih wastane | pilih jalma kang wegya nupiksi | liya sang  
rêtna di | mung Dyan Marabangun ||

35. ingkang wegya nukma rasèng tulis | sêmana wus dados |  
èsthining tyas kawrat jro sêstrane | tinumpangkên nêng busana nuli |  
pinarnah ing tamba | ning wit nagasantun ||

36. sang dyah laju miyos ing ujwani | samarga angrempong |  
kapingrangu kagagas rujite | rasa-rasa tumindak sang dèwi | kabyatan  
gêng kingkin | kèlu lir pêpucung ||

## 19. Pocung



1. kunêng Sang Dyah Kirana kang sêdya nglampus | malih ginupita | Kusuma Rêtna Jinali | karainan wus wungu dènira nendra ||
2. kudandapan myat dyan wasi tan kadulu | nulya ingupaya | adangu datan kêpanggih | akaruna sang dyah mring gyaning kang raka ||
3. Radyan Panji Rawisrêngga lagya wungu | sang dyah sarêng prapta | nungkêmi raka sarywanjrit | awêwarta yèn dyan wasi datan ana ||
4. rajaputra duk myarsa turnya sang ayu | sru gêtêri driya | têdhak arsa angulati | Dyah Onêngan tansah kinanthi ing raka ||
5. Radèn [Radè...] [...n] Wukirkusuma pan datan kantun | parpat kalihira | kinèn sami animbali | pra kadeyan ngupaya Dyan Narawôngsa ||
6. Radèn Sinompradapa Rahadèn Wirun | Dyan Puntapêrtala | Dyan Jayamiruta tuwin | duk miarsa yèn Dyan Jayèngrêsmi murca ||
7. gêpah-gêpah gurawalan sami ngruruh | jro dalêm myang jaba | wus tapis datan kêpanggih | sami ngungun-ngungun kang para kadeyan ||
8. dening sami wus rêntah katrêsnanipun | mring Dyan Narawôngsa | sasolah angrêspatèni | Dyan Pramadi tansah têbah-têbah jaja ||
9. Radèn Punta tan pêgat acêlak-cêluk | yayi Narawôngsa | paduka dhatêng ing pundi | sumaura Dyan Panji sangêt sungkawa ||
10. orêg wadyèng kasatriyan sami ngruruh | srang-srangan sumêbyar | laju mring jawining nagri | wênèh bablas ngulati ring wana arga ||
11. pra kadeyan dupi antara tan pangguh | ngumpul marêk samya | ngarsèng Radyan Kêrtapati | rajaputra pan tansah nglênggêr kewala ||

12. Dyan Pêrnadi sumungkêm sarwi umatur | jêng paran sumôngga |  
kundur kewala rumiyin | dimèn kônca kewala kang ngulatana ||

13. ing dyan wasi amba wus nyêbar wadya gung | anglarah wanarga |  
ngulati Dyan Jayèngrêsmi | mung paduka sampun kêlajêng sungkawa  
||

14. ngandika lon Radèn Putra Marabangun | kakang Jayèngrana |  
wruhanira karsa mami | yayi wasi arsa sun ruruh priyôngga ||

15. ingsun ora sêdya mulih yèn tan pangguh | tan kudu wibawa | yèn  
tan panggya yayi wasi | ingsun têtah tumêka ing lara pêjah ||16.  
gêdhêg-gêdhêg ngusap jaja Radèn Wirun | alon aturira | dhuh jêng  
paran kadyapundi | dene sangêt kasêngsêm Dyan Narawôngsa ||

17. lah punapa ingkang dadya sababipun | rèh têtih sing murwat |  
raos tan têtang lan budi | dene namung awit pinrih dadya patah ||

18. sarta datan kantênan ing wijilipun | yêktos bagusira | kêlangkung-  
langkung asigit | ing sênajan mêngkatên pan dede lampah ||

19. jêng paduka amathêm kalangkung-langkung | murwating watara |  
jêr patah sarating krami | amrih mulya cintrakaning putri Daha ||

20. ing wusana datan wontên yêktosipun | prayogi sarèhnya |  
sampun-sampun ngendra pati | angulati patah Radèn Narawôngsa ||

21. yèn tan kanggêp arinta Sang Dèwi Galuh | prayogi matura | mring  
rama sri narapati | kados wontên karsanira sri narendra ||

22. tuwin laju kinesahakên Dyah Galuh | sêtun ngulatana | putri Daha  
kang sayêkti | pan sumôngga wus lèrês ngupaya garwa ||

23. karsa tuwan pun Narawôngsa rinuruh | kinarya punapa | kêpati  
dipun ulati | kadingarèn paduka kenjut ing priya ||

24. najan kêrsa môngsa kiranga wong bagus | nêgari Jênggala | kang  
dhandhing jlarat jukithit | inggih dèrèng sami lan pun Narawôngsa ||

25. angandika Radèn Panji Marabangun | kakang gawe apa | milih  
wong pêkik-pêkik | saliyane yayi Kuda Narawôngsa ||

26. rasaning tyas sênajan durung katêmu | putri ing Mamênang | kang  
jati-jatining nguni | lingsun marêm sandhing lan Ki Narawôngsa ||

27. dene sira yèn nora trêсна maring sun | lah iya karia | tunggua ing  
Pranaragi | aja matur dhingin marang kangjêng rama ||

28. lah sakèhe iya kakang-kakang ingsun | myang sira adhi mas |  
Sêsimping lan Wukirsari | padha sira karia mukti wibawa ||

29. ingsun ingkang nglakoni kawêlasayun | kang para kadeyan |  
myarsa sêbdane Dyan Panji | akaruna ngrubung sang raja pinutra ||

30. matur sarêng tan ana kang nêja kantun | Radèn Wukirsêkar |  
mingsêk-mingsêk dènyya nangis | sarwi dhêsêk kang êmbok Dèwi  
Onêngan ||

31. sang dyah runtik mingsêr dènira alungguh | mèsêm Lurah Bancak  
| mirsa solahè Dyan Wukir | ya ta lajêng Radèn Kuda Rawisrêngga ||

32. sêdya ngruruh dyan wasi kang kesah nglangut | karsa dhatêng  
taman | mênawi Dyan Jayèngrêsmi | sêdya nilib cêngkrama marang  
ujwana ||

33. tindakira Dyan Panji tansah mong gandrung | kapirangu brôngta |  
kabyatan trêsnaning galih | dhatêng ingkang rayi Radèn Narawôngsa  
||

34. tansah manglah ing driya kalingling gandrung | aduh ariningwang | baya sira marang ngêndi | dene nora pêpoyan marang manira ||

35. bisa têmên yayi gawe lara gandru[23] | apa sisip ingwang | lungane anyalawadi | lah elinga yayi mring wong kawlasarsa ||

36. praptèng taman Dyan Panji sênsaya gandrung | mulat kêmbangkêmbang | myang rêsmning kang ujwadi | kagurawa langêning Dyan Narawôngsa ||

37. pra kadeyan nêlasah kang ujwana rum | sami angupaya | ing Dyan Wasi Jayèngrêsmi | ting carêluk amêksa datan kapanggya ||

38. Ki Prasônta tênapi Ki Sadulumur | dênira ngupaya | papêthetan dèn pènèki | cêlak-cêluk [cêlak-cêlu...] [...k] ing Dyan Kuda Narawôngsa ||

39. sarwi mangan wowohan anyamak-nyamuk | Radèn Jayèngrana | myat tumpukan busana di | anèng tamba nagasari pinggir tlaga ||

40. kagyat ing tyas nulya pinaranan gupuh | wau tiningalan | tan samar agêming rayi | Dyan Ngasrama Wasi Kuda Narawôngsa ||

41. gêtêring tyas mênawa tiwas ing ranu | gya kêng para kadang | inguwuh sêdaya prapti | gênti-gênti ningali ingkang busana ||

42. datan samar yèn agêmira sang bagus | sumêlang sêdaya | yèn tiwas anèng jro warih | margi siram ya ta Radèn Jayèngrana ||

43. aningali ron pandhan sumlêmpit kampu | anulya cinandhak | wontên sêstranira sandi | nanging Radyan Wirun tan sagêd nupiksa ||

44. gênti-gênti para ri kinèn andulu | tan ana kêng wegya | nupiksa kang sastra sandi | Dyan Pêrnadi gya matur mring rajaputra ||

45. gêpah-gêpah Radèn Panji Marabangun | mring gyaning busana |  
tan pisah Sang Dyah Jinali | dupi prapta mulat saliring sumbaga ||

46. datan samar yèn agêm-agêmanipun | Radèn Narawôngsa | sêkala  
Dyan Kêrtapati | lir sumaput ing driya kanthi rudita ||

## 20. Kinanthi

1. kêgagas onênging kalbu | mring ari Dyan Jayèngrêsmi | kadi katon  
sumandhinga | kêng kampuh dèn asta aglis | tan pègat ingaras-aras |  
saya kalimput Dyan Panji ||

2. srat kang nèng roning pandhan rum | dèrèng arsa aningali |  
kêtungkul mulat busana | winiwir winolak-walik | tandya Radèn  
Jayèngrana | matur sarya ngasih-asih ||

3. paran emuta ing kalbu | sampun kalimput tanpa wit | sêrat yogi  
tinupiksa | bilih mrih karya kênggati | amba tan sagêd maosa | de  
sastra sandi tur rêpit ||

4. ya ta Radèn Marabangun | srat pandhan pinundhut aglis |  
kumêpyur raosing driya | ningali kang sastra sandi | tuhu kang wêrga  
sancaya | kaluwihaning wong Bali ||

5. liya sang narendra sunu | dèrèng wontên kang mangêrti | nguni  
kang sampun winulang | mung garwa Dyah Sêkartaji | tuhu lantip ing  
sasmita | putri adi ing Kadhiri ||

6. tandya sinukma kang têmbung | mangkana udayèng tulis | pèngêt  
ing kang sêrat saha | sêmbah sungkêming pamuji | sangking pun  
Côndrakirana | cèthi kang sangking Kadhiri ||

7. kang nglampahi kawlasayun | winayang ing dewa luwih | mêngtas  
sinipatan priya | awasta pun Jayèngrêsmi | ing mangke sampun  
binabar | wangsul kadya wingi uni ||

8. wiyos kawula sang bagus | pamit sêdya ngendra pati | paduka kantuna wirya | baudhêndha nyakrawati | pintên bangga yèn kanggea | patikbra malih nyênyèthi ||

9. dening paduka sang bagus | wus krama putri yu luwih | inggih ngran Cōndrakirana | tur antêng jêtmika manis | ngungun kawula kalintang | wontên Galuh tiga kalih ||

10. nging warti ingkang asamun | paduka cinidra ing sih | binawur ing lèlampahan | wiyah ngakên Sêkartaji | yêktosing sutaning Jagal | wasta Dèwi Wadalwêrdi ||

11. ngakên wasta Sang Dyah Galuh | kenging cintrakaning bumi | mila malih warnanira | paduka kédah trêсна sih | sumôngga wawrat-wawratan | mung amba anuwun pamit ||

12. kesah ing sapurug-purug | ngulati margining pati | sèwu panjalma tan nêdya | nyèthi liyan sang apêkik | têrkadhang jujuk kawula | dhatêng nagri Bauwarni ||

13. titi saèsthining [sa...] [...èsthining] kalbu | kawrat ing pustaka sandi | ya ta sang raja pinutra | duk mirsa ungêling tulis | sumrêpêt paningalira | tandya kantaka Dyan Panji ||

14. sinundhang agupuh-gupuh | mring rayi Radèn Sêsimping | miwah Sang Dèwi Onêngan | sami karuna sarêng jrit | saguning para kadeyan | parêpat ngrubung anangis ||

15. akathah sêsambatipun | wau gunging busana di | tumpukan sumbaga priya | gya sirna kabêktèng angin | kang sangêt dènnya karuna | Kusuma Rêtna Jinali ||

16. sêsambatira mlasayun | lah elinga kakang Panji | kêna ngapa sira kakang | dene barêng maca tulis | banjur niba kapidhara | kakang-kakang aja mati ||

17. sapa kang ngêmong maring sun | lah sapa kang sun ladèni | sapa kang muruk mêmaca | Ki Cêkruk ajêlah-jêlih | gusti pangeran èngêta | baya kêna ngapa iki ||

18. mêngtas maos ron pandhan run | têka andhawuh tan eling | kang pandhan tumumpang clona | agême Dyan Jayèngrêsmi | baya ana têngungira | busanane radèn wasi ||

19. kadeyan nangis gumrumung | anglênggêr Dyan Jayèngpati | dangu dènnya kapidhara | Radèn Inokêrtapati | satêngah jam winatara | gya wungu pêpungun nglilir ||

20. wus tata lênggah sang bagus | kagagas raosing tulis | kaetang runtiking driya | dhatêng ingkang mindha warni | alon dènira ngandika | mring raka Radèn Pêrmadi ||

21. wruhanira kakang Wirun | kang ron ijêmaning tulis | yêkti yayi Narawôngsa | adhinira Sêkartaji | kinarsan dening jawata | warna priya luwih sigit ||

22. mêngko wus babar warna yu | mulya kadi wingi uni | laju pamit ngendralaya | dene [de...]

--- 117 ---

[...ne] sru wiranging ati | ana ingkang mindha-mindhha | ngaku Sang Dyah Sêkartaji ||

23. sajatine wadon iku | aran Rara Wadalwêrdi | anake Jagal Karungbang | lah ta kakang Jayèngpati | jawi kang tracak malela | anetra kumala adi ||

24. kang bakal nyudhang maring sun | ana sajroning jinêm-mrik | iku kakang patênana | tuhu wong niyaya luwih | mring nimas Côndrakirana | tur gawe bodho mring mami ||

25. Dyan Jayasena mèsat wus | ing driya sru ngingkid-ingkid |  
dhatêng ingkang mindha warna | wau Radèn Wukirsari | tan pamit  
dhatêng ing raka | tumut Radèn Jayèngpati ||

26. bramantyanira kêlangkung | dene ngakên Sêkartaji | dyan kalih  
enggal-inggalan | sêdya lumêbêt ing puri | kocap ingkang mindha  
warna | nèng dalêm tansah anganti ||

27. kundurnya Dyan Marabangun | ingayap kang êmban cèthi | sang  
kusuma angandika | dhu lae paran kang warti | kangmas Kuda  
Rawisrêngga | baya têdhak marang ngèndi ||

28. dene swarane ting grubyug | banène anggêgolèki | matur kang  
sinungan sêbda | gusti ing pamirêng mami | sabubarira ringgitan |  
Radèn Wasi Jayèngrêsmi ||

29. kesah datan mawi matur | mring raka dalêm Dyan Panji | dadya  
sami ingupaya | jêng gusti tindak pribadi | sêmune kasêsa-sêsa | kêbut  
wadya Pranaragi ||

30. samya ngulati sêdarum | ing Dyan Wasi Jayèngrêsmi | sang rêtna  
sêndhu ngandika | iku biyung sêdhih mami | kamas Peran  
Rawisrêngga | olèhe kêpati-pati ||

31. mring Si Narawôngsa gunung | nganti akaku kang ati | bangêt  
supene maringwang | pijêr kèkèt lan si wasi [wa...]

[...si] | anggung gawe gêgandhengan | wong wis minggat lah bok  
uwis ||

32. tur dudu sêntananipun | trêsnane kêpati-pati | dhasare Si  
Narawôngsa | marang sun cumêri-cêri | kaya maru potang pêjah |  
kangjêng peran angiloni ||

33. mulane saya dêlurung | gêdhe êndhase si wasi | sêmune  
agêmbelangan | dèn ugung mring kangmas Panji | anyuwuna barang-  
barang | tan luput dipun têtani ||



34. sandhangane tumpuk-tumpuk | nganti sêpuluh kang kêris |  
kêrtêpe sapirang-pirang | mula Peran Wanèngpati | utange nganti  
rong lêksa | marang toko koja êncik ||

35. ginawe ngrêga si gunung | angur dèn paringna sêlir | ingsun nora  
munasika | kang dadi laraning ati | sun kêpingin klambi duryas | jêbul  
dèn paringi êncit ||

36. ni êmban nêmbah umatur | dhuh gustiningsun sang dèwi |  
sampun mêngkatên bëndara | wus limrahing satriya di | sêbarang  
numpang mring kênya | ing sakarsa-karsa dadi ||

37. lêhêng sumarah ing kakung | têrkadhang luntur ingkang sih |  
dangu dènira ngandika | sang dyah lan kang êmban cèthi | kêsaru  
dyan kalih prapta | agatya tan nolèh wuri ||